Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Purwakanda I

R. Ng. Yasadipura I

PERPUSTAKAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
JAKARTA

ektorat
ayaan

epartemen Pendidikan dan Kebudayaan

M E N A K P U R W A K A N D A

Jilid I

TANGGAL	NO. [illegible]
18 NOV 1984	1345

PPS/Jw/4/81

Milik Dep. P dan K'
Tidak diperdagangkan

MENAK PURWAKANDA

I

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
WIRASMI ABIMANYU

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1158

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

DAFTAR ISI

	KATA PENGANTAR	5
	DAFTAR ISI	7
	TERJEMAHAN	
I.	WADYA TALSIYAH KASOR YUDANIPUN	9
II.	PRABU NUSIRWAN DUMUGI ING PURWAKANDHA	13
III.	NANDUKAKEN PAEKAN	23
IV.	PEPUTRA LAN PUTRI DITYA	28
V.	WONG AGUNG TAMPI SERAT PANANTANG SAKING PURWAKANDHA	36
VI.	PATIH BESTAK DIPUN WELEHAKEN DENING PATIH JEDHI	45
VII.	WONG AGUNG NGLURUG DHATENG PURWAKANDHA	50
VIII.	WADYA KUPARMAN CAMPUH LAN WADYA PURWAKANDHA	56
IX.	PERANG TANDHING	61
X.	SEH WARIDIN KEPENGIN KEPANGGIH WONG AGUNG	67
XI.	WONG AGUNG MURCA SAKING KADHATON	74
XII.	NGREMBAG MURCANIPUN WONG AGUNG	80
XIII.	KETITIK YEN TURUN DITYA	90
XIV.	RADEN PUTRA WADUL DHATENG INGKANG IBU	94

XV. RADEN KALARANU MEPAK WADYA 102
XVI. PERANG SAMI SADHEREK 110
XVII. BEBANTU SAKING MALEBARI 116
XVIII. BADHAR DADOS DANAWA 121

I. WADYA TALSIYAH KASOR YUDANIPUN

Durma

1. wonten ratu lalampah saking ing Nglaka,
   nedya mring Malebari,
   Lamdahur kang suta,
   nempuh sabalanira,
   patih Bardus matur aris,
   Tuwan kendela,
   kularsa methuk jurit.

2. Sigra mangsah prajurite wong Talsiyah,
   gumredeg sareng prapti,
   umung kang tengara,
   tata baris akapang,
   Bukaram kinen metoni,
   mangsah susumbar
   sang Prabu Banarungsit.

3. Angundhangi bala aja na metu prang,
   yen iki aprang tandhing,
   sun dhewe kang yuda,
   ana prawira nembah,
   satriya ing Burudangin,
   Raden Sudirman,
   kedah mangsah ing jurit.

4. Lineganan mangsah wus ayun-ayunan,
   turangganira nirig,
   sarwi ngikal pedhang,
   mubeng parisanira,
   tatanya wau sang Aji,
   raja Bukaram,
   sapa,aranmu Aji?

5. Anauri dudu ratu ngong satriya,
saking Rum Burudangin,

santananing nata,
raja Tasangsulngalam,
Kadri Sudirman ran mami,
lah sira sapa?
ingsun rajeng Sungkabi.

6. Ratu andel Bukaram aneng Talsiyah,
ngangkat gadanira glis,
Dyan Kadri Sudirman,
ginada paris mubal,
suraking bala kuswatri,
rame kang aprang,
ambek sudira sami.

7. Raden Kadri Sudirman males amedhang,
janggane tigas pacing,
utamangganira,
tiba aneng bantala,
raja Bukaram ngemasi,
wau kang prapta,
nander tutulung jurit.

8. Prapteng rana yun-ayunan lajeng medhang,
rajeng Badingah nitir,
tibeng paris mubal,
rame pedhang-pinedhang,
sami rikating ngajurit,
Raden Sudirman,
pamedhange ngenani.

9. Pan sigar byak parise rajeng Badingah,
sirah sigar kapripit,
tiba saking kuda,
mati raja Badingah,
patih Bardus prapta aglis,
wusnya tumingal,
sang Prabu Banarungsit.

10. Kinen mundur satriya Kadri Sudirman,
antuk narendra kalih,
kang mati ing aprang,
wau sang rajeng Nglaka,
lan patih Bardus wus panggih,
ayun-ayunan,
sami luhuring esthi.

11. Patih Bardus asugal ing wuwusira,
ya sira Banarungsit,
mati ngastaningwang,
wurung sira duk aprang,
neng Kusniya Malebari,
sira ing mangkya,
nora wurung ngemasi.

12. Pan ginada tinitir-titir tan kendhat,
sang raja Banarungsit,
amales anggada,
rame gada-ginada,
dangu datan migunani,
ambuwang gada,
sami tedhak kakalih.

13. Saking esthi adangu pedhang-pinedhang,
wus rempu pedhang kalih,
gya candhak-cinandhak,
dangu sendhal-sinendhal,
arame tarik-tinarik,
patih Talsiyah,
sinendhal mring sang Aji.

14. Wus binanting patih Talsiyah saksana,
mring Prabu Banarungsit,
gumuling kantaka,
sigra Raden Sudirman,
naleni marang apatih,
sampun katawan,

geger kang wadya alit.

15. Patih Bardus katawan keh samya myarsa,
kang raka aneng wuri,
sira patih Bardas,
arine yen katawan,
matur ing rajeng Medayin,
yen ngladenana,
inggih beka ing margi.

16. Yekti lami tuwan tan panggih kalawan,
lan Prabu Samasrawi,
amba yen tiwasa,
neng marga tanpa karya,
luwung suwawi nyimpangi,
benjing kewala,
rinebut ing ngajurit.

17. Sigra bubar Nusirwan lan patih Bardas,
sami nyimpang angeri,
kumeruk anerak,
wana kadya ampuhan,
wau ta kang aneng wuri,
sang rajeng Miskat,
kagetira tan sipi.

18. Dene bubar wong Talsiyah nyimpang marga,
lir wong kaburu jurit,
wuri wadyeng Nglaka,
miwah kang wadyabala,
prawira Brudangin ngungsir,
samya jajarah,
anawan para manis.

II. PRABU NUSIRWAN DUMUGI ING PURWAKANDHA

Dhandhanggula

1. Wau sang raja Sakirdan Ali,
gupuh mangarsa sawadyanira,
wus panggih lawan barise,
Prabu ing Nglaka tundhuk,
raja Banarungsit ngabekti,
marang sang raja Miskat,
ngandika nak Prabu,
kaya paran solahira,
kongsi dadi nyimpang sang rajeng Medayin,
anyimpang salang tunjang.

2. Alon matur raja Banarungsit,
Paman Aji kawula lalampah,
tan wruh baris geng praptane,
anunjang midak purun,
kula kekah atemah jurit,
paman arya Sudirman,
amateni ratu,
kakalih bala Talsiyah,
Abukaram lan raja Badingah mati,
prang lan paman Sudirman.

3. Patih Bardus lan kawula jurit,
Paman ing mangke sampun katawan,
sang rajeng Miskat wuwuse,
wadyanira Nak Prabu,
ingkang sami ngungsir den aglis,
timbalana manawa,
papatine wuwuh,
pasthi yen nemu duduka,

ing ngong iki maspadakaken sang Aji,
lorode sang Nusirwan.

4. Nedya marang ing Mutadarawi,
raja Samasrawi ingebyukan,
sedheng sun baliya kene,
bareng lakunireku,
mring Kusniya ing Malebari,
kang ngungsir tinimbalan,
jarahane agung,
babandan pating karencang,
sareng budhal sang Prabu Sakirdan Ali,
lawan sang rajeng Nglaka.

5. Tan winuwus ing marga wus prapti,
rajeng Miskat lawan rajeng Nglaka,
Banarungsit sabalane,
katur marang Wong Agung,
yen kapethuk wonten ing margi,
aprang lan rajeng Nglaka,
kalih mati ratu,
sami bala ing Talsiyah,
patih Bardus aprang lawan Banarungsit,
kasoran pan kabanda.

6. Wus sinrahken mring Prabu Kohkarib,
ratu tawan papatih Talsiyah,
dene sang Prabu karsane,
Sri Bathara Medayun,
ngungsi marang Mutadarawi,
kalawan patih Bardas,
kang miarsa ngungun,
sagung para raja-raja,
wus mangkana Wong Agung ndadosken pikir
denira bubudhalan.

7. Kang tinilar aneng Malebari,
sang raja pandhita Bawadiman,

ingkang among ing wayahe,
Dyan Sayid Diman Timur,
kang ngembani Raden Badakir,
arine naking sanak,
dening sanga Prabu,
Kusniya sang Bawadiman,
Abunandir binekta mring Parangakik,
ndhingini budhalira.

8. Sami nembah mring padanira Mir,
Prabu Jayusman Samsumurijal,
lan ibu sareng bektine,
nembah ing Jayengsatru,
lajeng nusul ing wadyaneki,
sang Prabu ing Karsinah,
lawan ibunipun,
nunten pangeran ing Kelan,
lawan garwa sira Dewi Kadarwati,
budhal dhateng ing Kelan.

9. Rajeng Suwangsa lan Jonggiraji,
Raden Minsar tumut maring kelan,
nunten Wong Agung budhale,
lan sagung para ratu,
kebut saking ing Malebari,
wadya tanpa wilangan,
sareng lampahipun,
Raden Seh Wahas tan pisah,
lan kang raka Wong Agung Surayengbumi,
tumut dhateng Kuparman.

10. Tan winuwus laminireng margi,
sampun prapta nagara Kuparman,
nagri kalangkung arjane,
reh gora gumaludhuk,
wadya aneng tepining margi,
mulat gusti praptanya,
wadya gung atimbun,

suka mulat sadayanya,
wus ngadhaton Wong Agung Surayengbumi,
panggih lawan kang garwa.

11. Putri Medayin putri Kuwari,
methuk kamulyan mring mantunira,
samya katuwon sukane,
sagunging para ratu,
angadhaton purane sami,
wau raja Sahsiyar,
amakuwon sampun,
tunggil lawan raja Kemar,
Raden Wahas anunggil aneng jro puri,
panepen enggenira.

12. Sri Tasangsulngalam Burudangin,
pinaringan prenah sampun pelag,
suka manahe wadya keh,
anutug jibar-jibur,
datan ana karasa budi,
Raden Wahas wus lama,
pamit sampun mantuk,
miwah sang Prabu Sahsiyar,
mulih marang Surukan wus den lilani,
kuneng malih winarna.

13. Lampahira Bathara Medayin,
lawan patih Talsiyah wus prapta,
aneng dhusun paminggire,
ing Purwakandha dalu,
Purwakandha Mutadarawi,
patih Bestak lan Bardas,
kang kinen rumuhun,
enjing soma wus sineba,
wadya para ratu Prabu Samasrawi,
aglar ing panangkilan.

14. Ratu agung prawira ngajurit,

sinembah sagung para narendra,
ratu jembar jajahane,
kedhep sato lan manuk,
ratu iku kuwat ngukuhi,
sagung wil diyu yaksa,
kang ngungsi ing ngriku,
kaburan saking Jabalkab,
mandraguna sira Prabu Samasrawi,
tanpa lawan ing aprang.

15. Kagyat praptanira patih kalih,
Bardas Bestak prapta ing paseban,
mring patih Jedhi jujuge,
katur saha turipun,
lawan suratira sang Aji,
Sri Bathara Nusirwan,
wus katur sang Prabu,
sang raja Matari Akbar,
langkung ngungun myarsa surasaning tulis,
dening rajeng Talsiah.

16. Kasor ing prang lan Surayengbumi,
kang kukutha nagari Kuparman,
kadya samodra balane,
mila mangke sang Prabu,
ing Medayin arsa angungsi,
mring nagri Purwakandha,
Samasrawi Prabu,
ngandika sarya tatanya,
ana ngendi panembahan Nyakrawati,
patih Jedhi tur sembah.

17. Lagya kendel neng dhusun paminggir,
Prabu Samasrawi paparentah,
ngundhangi balane kabeh,
yen ingsun arsa methuk,
iya marang rajeng Medayin,
jaban kutha Karyaa,

taratag winangun,
ki Patih wus paparentah,
lumaksana sagunging para narpati,
karya tarub wangunan.

18. Budhalira wau sri Bupati,
wadyanira lir wanadri kobar,
para ratu prajurite,
prapteng jawi kitha wus,
kendelira sri narapati,
munggeng tarub wangunan,
sato lawan manuk,
ingandikan sami prapta,
bupatine sami tarab aneng ngarsi,
bantheng singa dipangga.

19. Warak andhanu manjangan sami,
parek aneng keringing narendra,
wolung bidho nowak dares,
baris manungsa ngayun,
kadya alun kagiri-giri,
sagung wadya punggawa,
andhendheng alajur,
patih Jedhi wus dinuta,
amondhongi marang Bathara Medayin,
lawan rajeng Gumiwang.

20. Prapta ing nggen sang nata wus kerid,
kapondhongan balane awendran,
wadya Talsiyah awore,
wus prapta tarub agung,
bala peksi gendhing saruni,
sato kendhang gong gurnang,
thongthonggrit lan puksur,
eram Bathara Nusirwan,
langkung dibya sang nateng Mutadarawi,
sajagat datan ana.

21. Ratu akarya niyaga peksi,
lawan sato kang tengara gurnang,
wong Medayin mele-mele,
kawaregen pangungun,
wus alenggah rajeng Medayin,
nunggil sadirgasana,
lawan sanga Prabu,
kya patih Bardas lan Bestak,
wus anunggil lawan kyana patih Jedhi,
ing ngarsa para nata.

22. Dangu mulat sang nateng Medayin,
lutung ngendhang berinira macan,
thongthonggrit kang nabuh bantheng,
senuk anabuh kethuk,
puksur warak ingkang nabuhi,
gendhing saruni samya,
tinabuh ing manuk,
kang anyuling kelinglingan,
pan kepodhang nabuhi rebabe muni,
cangak nabuh kamanak.

23. Kang akathah angadhep giliri,
manuk anglarih panginumira,
sangsaya sru pangungune,
sang Prabu ing Medayun,
miwah sagung kang pra dipati,
waradin para nata,
ciptanira untung,
wong Kuparman antuk mengsah,
baya iki bebase si Jayeng Murti,
mari neng ngalam donya.

24. Angandika sang rajeng Medayin,
anak Prabu pun bapa punika,
katoring-toring lamine,
singa-singa kang tulung,
teka mboten tulung melasi,

sami kasoran ing prang,
kabeh sami nungkul,
patih Bestak nambung sabda,
milanipun akathah kang salah tampi,
dhateng rama paduka.

25. Para ratu ingkang kirang budi,
sami makaten denira ngucap,
sang Ratu Medayin kuwe,
makaryakaken mantu,
pan wong Ngarab kang pinrih luwih,
mantune asugiha,
bala ratu-ratu,
tandhane apan karuwan,
duk patine Muninggar putrine malih,
sinungaken wong Ngarab.

26. Lamun iku mungsuha sayekti,
nora aweh putrine den alap,
makaten ing pangrasane,
tur ta punika tuhu,
lah makaten rama sang Aji,
saking kasupit papan,
tan saged angrebut;
lawan Marpinjun punika,
duk pinundhut ing kalana Jayeng Murti,
pun Maktal kang dinuta.

27. Mbekta sagung ratu kang prajurit,
tigang atus ratu pipilihan,
tigang kethi punggawane,
bala tan kena ngetung,
seseg jejel nagri Medayin,
upami pinopowa,
sayekti ginempur,
rama tuwan pinejahan,
nak putune tinumpes jalu lan estri,

putri pasthi katawan.

28. Rama tuwan mung ajrih ngririntih,
amung kula ingkang budidaya,
mrih sandea pamundhute,
dhateng Retna Marpinjun,
wonten ratu ing Kandhabumi,
prakosa sugih bala,
sugih para ratu,
Banakamsi wudhu ing prang,
sasanggupe kadya gempur gunung wesi,
nawu sagara asat.

29. Ratu mandraguna ing ngajurit,
tan kongsi prang lan si Kakungingrat,
mung wong Parangteja bae,
Banakamsi kapupu,
pan kaboyong kadange estri,
dadya cethine Maktal,
satemah pukulun,
prajurite tutumpesan,
langkung rame aprang neng nagri Medayin,
Banakamsi lan Maktal.

30. Sagendhinge tan saged nimbangi,
prang garubuh lawan prang tandhingan,
kasor sapari polahe,
prang kasab aprang lembut,
sagendhinge apan kajodhi,
kadi pundi narkaa,
ing rama sang Prabu,
saking kasupiting mangsa,
sru gumujeng sira Prabu Samasrawi,
miarsa ture Bestak.

31. Nateng Purwakandha ngandika ris,
bener sira bapa Patih Bestak,
wong Ngarab abot sanggane,

tan kena pinet iku,
saking lamba wong Puserbumi,
pan kalengkani jagat,
ngendi ana ratu,
samengko ngasorken ditya,
iya sapa wruha ingkang dhingin-dhingin,
samengko mung wong Ngarab.

32. Kaya iku si raja Rukyatil,
guruning prang lembut apan ing wang,
nekani prang seprandene,
nora tutur maringsun,
mungsuh lawan wong Puserbumi,
batine digagampang,
pasthi menangipun,
yeku trape ratu kompra,
durung nimbang sawang sawunging ngajurit,
dandanan lembut kasab.

33. Ingkang dadi kanthi lahir batin,
pan wong Ngarab sugih dandanan,
nora nana tetondhene,
miranti kasab lembut,
para ratu kabeh sinekti,
tuwin putra lan garwa,
tan ana kang cubluk,
kabeh prawira ngayuda,
miwah dene para putraning narpati,
kabeh gambuh ing aprang.

III. NANDUKAKEN PAEKAN

Gambuh

1. Lan ana tunggalipun,
   asor unggule metara laku,
   Maktal Umarmaya ingkang ngundhageni,
   wus awas pangiloningsun,
   ing sangkal bolong malompong.

2. Tan kena gupuh-gupuh,
   mengsah wong Ngarab yen durung putus,
   wewekane pasthi nora wurung jengking,
   barangkangan amrekungkung,
   mengkono kang wus kalakon.

3. Apan wus lawas ingsun,
   enggoningsun ngarah arsa mungsuh,
   iya lagi ngumpulken dandanan batin,
   sayekti duwea ingsun,
   kaya Marmaya mengkono.

4. Lawan duwea ingsun,
   kaya si Maktal ing antepipun,
   pikir mubeng wegig bisa anglakoni,
   tan owah kakehan mungsuh,
   tan bungah mungsuhe kalong.

5. Nepsune tan kasusu,
   agem santosa ambeke teguh,
   tetekone si Parangteja prajurit,
   lan bisa mong para ratu,
   marmane ginawe bobot.

6. Wusnya dhaharan nutug,

lajeng umangkat sabalanipun,
manjing jroning nagara Sri Narapati,
rajeng Medayin tut pungkur,
binekta marang kadhaton.

7. Pinarnah siti luhur,
pakuwonira rajeng Medayun,
punggawane lan Bestak makuwon jawi,
amung kang putra tetelu,
tumut kang rama sang Katong.

8. Ya ta wau sang Prabu,
ing Purwakandha undhang ing dalu,
prapta ditya kang aneng ing wukir-wukir,
ana ditya pitungpuluh,
sami raksasa palayon.

9. Ing nguni sami ratu,
telas balane samya ingamuk,
wong tuwane mring kalana Jayeng Murti,
angungsi katawur-tawur,
saparan denira manggon.

10. Ingkang ngungsi ing ngriku,
anaking Dusar namane Destur,
lan putune nguni raja Beranjani,
putih ulese lir kapuk,
sami tatapa ing kono.

11. Burijan namanipun,
mangkya kabala ing ratu iku,
ing Mutadarawi raja Samasrawi,
kerana pangungsenipun,
sinagahan minongko toh.

12. Linabuhan prang pupuh,
pinrenahaken ing gunung-gunung
rajeng Purwakandha prawira awegig,

ngelmu sikiripun agung,
sekti sajroning prang popor.

13. Prapta kalih tinantun,
ditya Burijan kalawan Dastur,
jinarwanan ing karsanira sang Aji,
ana putri ditya iku,
satunggal ayu kinaot.

14. Burijan kang susunu,
ni Marikangen kakasihipun,
lah rupa apandhita Barijan nenggih,
dhepokira ing Jongkurung,
dening sutanira wadon.

15. Rupa amanungseku,
den angluwihi putrining ratu,
den alembut yen katampan Rustamaji,
punagi nyethi satuhu,
atmajane seh Buyabon.

16. Sayekti yen kalebu,
aneng nagara lakunireku,
pan si Jamumsindhu lalabete dhingin,
pan nora na ing praja gung,
dadi kacenthok pakewoh.

17. Yen wus patutan iku,
si Marikangen pakolehipun,
anrapaken paekan sabudineki,
pan ditya walakanipun,
lawan manungsa pan kaot.

18. Karucat denaweku,
umur sawulan padha satahun,
yen satahun lan umur sawindu sami,
yen wis tuwa nora pikun,
apan nora kena kempong.

19. Mangkana wus lumaku,
paekanira wau sang Prabu,
malih warna pandhita kalihe sami,
putra malih warna ayu,
pan luwih putrining Katong.

20. Katiga sami mabur,
nagri Kuparman ingkang jinujug,
ing daleme Raden Putra Rustamaji,
nem wulan rong dina rawuh,
wateke ditya mangkono.

21. Jujug gyan regolipun,
kang tengga sinung ngaturi weruh,
yen kang paman Seh Wahas nenggih kang prapti,
katigestri rewangipun,
sampun ngaturan malbeng jro.

22. Rahaden wus atundhuk,
wusnya tata denira alungguh,
tinembungken inggih pandhita puniki,
kang pilenggah ing Jongkurung,
nama ki Seh Abuyabon.

23. Mawongaken kang sunu,
sampun kalebu punaginipun,
yen dadia atmajestri dadi wali,
anyethi raja sunu,
Rustamaji matur alon.

24. Paman panujunipun,
tuwan punapa mboten apangguh,
lawan raka paduka jeng rama Amir,
sumaur kagedhen laku,
pan dudu putrining Katong.

25. Angger kewala sampun,
destun katur ing ibu Marpinjun,
singa-singa sok seneng angger pribadi,

bilih nampika punika,
datan arsa bocah wadon.

26. Puniku wajib matur,
ing rama dika sawabe ngelmu,
anuruti sawab duwe nadar becik,
yen dika sampun panuju,
ing danane Seh Buyabon.

IV. PEPUTRA LAN PUTRI DITYA

Asmaradana

1. Mulat Raden Rustamaji,
   ing warnane kang wanodya,
   langkung kacaryan galihe,
   tuhu respati wiraga,
   ni Marikangen endah,
   angandika raja Sunu,
   inggih sakarsane Paman.

2. Yen datan arsa papanggih,
   kalawan raka paduka,
   lamun jeng ibu kemawon,
   inggih kapareng kawula,
   wadon tiron pamitan,
   kula angger arsa laju,
   tutuwi mring pulo Barjah.

3. Wis karia sira Nini,
   katampan panyethinira,
   wus kesah wau kalihe,
   wali ningkah sinung wenang,
   kang rama wus mitungkas,
   tan kasusu lampahipun,
   sengadi mring pulo Barjah.

4. Wus kesah kang malih warni,
   praptaning jawi wus napak,
   ing jumantara kalihe,
   mulih marang Purwakandha,
   ing wuri winursita,
   binekta marek kang ibu,
   prapta ngarsa atur sembah.

5. Wus katur sasolah neki,
praptane Raden Seh Wahas,
ngater pandhita lampahe,
kang ibu suka tumingal,
rare wadon kang cahya,
anaking pandhita luhung,
pan kadi musthikaning dyah.

6. Mangkana datan winarni,
cinendhak lampahing kandha,
nenggih sampun paningkahe,
lan putri pandhita mulya,
panggih langkung sihira,
langkung karem kena cinthung,
Raja Putri ing Kuparman.

7. Garwa sepuh Kadamingsih,
wawratane sepuh babar,
mijil jalu suwarnane,
anawa cahya gumilang,
lir nuksmeng ngandakara,
pinangku ing eyangipun,
sarta sinungan paparab.

8. Nama Raden Atasaji,
kang rama karem tyasira,
marang kang garwa kang anem,
Marikangen bisa krama,
langkung sih raja putra,
sira putri mendhangpupus,
karia wis sinatmata.

9. Pijer rumekseng putreki,
kang raka tan kalikuran,
pan wus ana lilirone,
amung ibune kewala,
Marpinjun langkung welas,
umiyat ing putra mantu,
mung ibu ingkang miara.

10. Mangkana ingkang winarni,
kang mulih mring Purwakandha,
wus lajeng marek sang Katong,
katur ing satingkahira,
lampah wus tinampanan,
wus manjing paekanipun,
langkung sukane sang Nata.

11. Enjing raja Samasrawi,
miyos siniwakeng bala,
prawiranira ngarsandher,
kang rayi rajeng Gumiwang,
sampun munggeng ngayunan,
miwah kang rama Medayun,
nunggil sami padmasana.

12. Patih Bestak patih Jedhi,
lawan ki patih Talsiyah,
katiga jajar linggihe,
baranang ing panangkilan,
kadya giri kusuma,
busananing para ratu,
miwah satriya punggawa.

13. Sanga Prabu Samasrawi,
ngandika mring patih Bestak,
patih Bestak ingsun kiye,
nora ge nonjok panantang,
marang nagri Kuparman,
lagi metokaken ingsun,
ing paekan pangawula.

14. Karana kang dhingin-dhingin,
amungsuh si Kakungingrat,
kurang yitna kurang rereh,
tan bobot ing mumungsuhan,
mapan ngawag kewala,
mulane padha markungkung.

asrah tangan talikungan.

15. Lan maninge ingsun janji,
patih Bestak lawan sira,
isining Kuparman kabeh,
iku pasthi mungsuh ingwang,
sanadyan putranira,
Mardani Marsandi iku,
yen kacandhak ingsun mamah.

16. Aran padha mungsuh sami,
nadyan iku sang Bathara,
iya mungsuh lan sungsume,
Rustamaji iku aja,
garantes kabatinan,
yen garantes mupung durung,
apa gawe mumungsuhan.

17. Karana pangrengkuh mami,
wong Kuparman yen wus kontal,
sun cures tekan cindhile,
sun gawe pangewan-ewan,
singa ingkang kacandhak,
nambungi prabu Medayun,
nak Prabu sampun sumelang.

18. Lila lahir lila batin,
inggih pasaja pun bapa,
nora lamis-lamis bae,
yen lamisa dudu raja,
mangkana Sri Narendra,
ing Purwakandha ing dalu,
mijil marang ing pamedan.

19. Akasukan udan geni,
akarya pangeram-eram,
manuk akarya udane,
binektan obor sadaya,

mider marang gagana,
buron ing ngandhap puniku,
sinawatan ing dahana.

20. Mubeng nganan mubeng ngering,
indha binalang dahana,
giware pating galembor,
suka kang samya tumingal,
mulat ing solahira,
kang buron kalawan manuk,
tuhu ratu kinawasa.

21. Aja kaliru pangarti,
kedheping buron punika,
pan amung wana saenggon,
yen alas liya pan nora,
saenggon pinasangan,
ing kemate sikiripun,
buron manuk mung saleksa.

22. Mangkana kondurineki,
anjujug kendel sang Nata,
siti luhur pakuwone,
kang rama Prabu Nusirwan,
sampun tata alenggah,
nimbali dhudhukun nujum,
saking ing Dara asalnya.

23. Nama Tambimasrukakin,
jro kitabe ana munya,
yen besuk amicakake,
mring Wong Agung Kakungingrat,
lawan kang para nata,
punggawa satriyanipun,
Wong Agung Surayengjagat.

24. Prabu Nusirwan miarsi,
ki Masrukakim kitabnya,

eram ngungun tyas sang Katong,
paran margane menanga,
kasap lembut samekta,
ing Purwakandha sang Prabu,
ngandika mring patih Bestak.

25. Iki Patih yen sarwa wis,
tumindak paekaningwang,
ing kono nuli sun tonjok,
panantang apa sukannya,
ing pangubaya sapa,
ing panglurugan puniku,
anekani lan tinekan.

26. Mangkana laku kang yekti,
jaya mrata sura mrata,
ing amungsuh padha Katong,
nora tinggal ing ukara,
saiki sun utusan,
denira gunem anutug,
sawusnya bubar sang Nata.

27. Gantya kang winuwus malih,
raja putra ing Kuparman,
Rustamaji pan garwane,
Marikangen wus puputra,
katur marang kang eyang,
angluwihi agengipun,
lan jabang bayi kang adat.

28. Wus sinung paparab nenggih,
anama Raden Kalalmak,
pangucap banyu maknane,
pan mangkya binasan jawa,
lapale siji ilang,
iya Raden Kalaranu,
kalawan makna pangucap.

29. Eram kang samya ningali,
ulese rahaden wayah,
myang longgore gelis gedhe,
nanging tan ana graita,
ibune iku ditya,
pitayane ingkang angsung,
dene kerid Raden Wahas.

30. Dadya sami den parabi,
raden wayah kaya ditya,
ujat katelah ing akeh,
kang mamarabi wong jaba,
yen iku raden wayah,
Raden Ditya Kala Ranu,
kang jujuluki wong kathah.

31. Wong Agung Surajengbumi,
enjing miyos siniwaka,
aglar ingkang para Katong,
satriya lawan punggawa,
kadya samodra bena,
ulubalang nganglang laut,
tandha lawan pangalasan.

32. Lir wukir sayuta besmi,
anyuremi diwangkara,
busananing para katong,
lawan pra dipatinira,
miwah pra atmajendra,
kang tansah munggeng ing ngayun,
wong agung ing Parangteja,

33. lan dipati Guritwesi,
nateng Kohkarib lan Selan,
sabalane para katong,
rajeng Yunan lan ing Kebar,
Burudangin Yujana,
ingkang sami ratu agung,

Ngabesi Brajikunawar.

34. Turki Tursina ing Demis,
Kandhabumi Ngindibuldan,
Santari Miskat ing Kaos,
ing Yaman ing Samngabesah,
Kuristam samya raja,
kang ageng ratu pangayun,
kang samya ngrehaken raja.

35. Kangkan lawan Ngalabani,
Kuristam lan Sitibarjah,
Katijah Bangit mulane,
karaton aiit kewala,
lami nglabuhi karya,
mila nunggil denya lungguh,
lan para ratu pangarsa,

36. kang angreh samaning aji,
miwah kandel sinudara,
tan ana nemu bekane,
samya kinula wisudha,
mring sang Surayengjagat,
kathah kalamun cinatur,
Kuparman para Sri Nata.

V. WONG AGUNG TAMPI SERAT PANANTANG SAKING PURWAKANDHA

Sinom

1. Wong Agung eca sineba,
kasaru praptanireki,
caraka mundhi panantang,
pan saking Mutadarawi,
sang Prabu Samasrawi,
carakanira tumanduk,
prapta nagri Kuparman,
anjog saking ing wiyati,
kyana patih Jedhi lan paksi sakawan.

2. Gowak merak bango buthak,
kang ngampil seratireki,
kendel kori panangkilan,
aken ngaturi upaksi,
mring wong kang tunggu kori,
yen wonten caraka rawuh,
saking ing Purwakandha,
kang kinen wus mesat aglis,
prapteng ngarsa wus katur ing Arya Maktal.

3. Wong Agung ing Parangteja,
nembah ngaturi udani,
wonten raja duta prapta,
saking ing Mutadarawi,
papatih kang tinuding,
nanging warni kadi manuk,
ingkang dadya pangarsa,
awak wong awulu paksi,
kang angiring sakawan peksi sadaya,

4. gowak merak bango buthak,
kagyat kang sarwa miyarsi,
Wong Agung mesem ngandika,
heh yayi Maktal den aglis,
Prabu Sakirdan Ali,
yeku tuduhen amethuk,
ngirid lebune duta,
karo Sidabarun Ali,
rajeng Kendah kang mawa bagus sembada.

5. Respati wiraganira,
prayoga ing tembung manis,
ratu kalih wus dinuta,
nembah sapraptaning jawi,
ngungun denya ningali,
caraka asipat manuk,
mrepeki aris mojar,
heh apa wong sanak mami,
pakenira adhi suwawi ngandikan,

6. kerida dening pun kakang,
baya alami neng margi,
andheku patih turira,
sandika kula tut wingking,
pun kakang ndangu margi,
ing lampah mung pitung dalu,
nanging margeng gagana,
kakang pan barkahing Gusti,
kang anuduh ing dasih darmi kewala.

7. Tatanya patih neng marga,
arinta anila krami,
punapa pun kakang raja,
satriya miwah dipati,
mesem denya nauri,
sor asor pun kakang ratu,
kang mengku nagri Miskat,

manira Sakirdan Ali,
pawingkinge mring Wong Agung Prangteja.

8. Dene yayi raka para,
ing Kendah Dabarun Ali,
sami wiwinih paitan,
yayi sapangating Gusti,
kadya kinulit daging,
marang kita kinen methuk,
yayi prapta andika,
ratu geng-ageng keh yayi,
mboten kinen methuka prapta andika.

9. Nauri ngrepepeh mendhak,
sira ki apatih Jedhi,
kakang kalebet utama,
jeneng andika narpati,
prapta ngajengan aris,
andhadhap angayag lambung,
samya patitisira,
nuruti ki patih Jedhi,
sasolahe rajeng Kendah rajeng Miskat.

10. Prapta ngajengan tur sembah,
mendhak celak kethip-kethip,
Wong Agung alon ngandika,
heh raja Sakirdan Ali,
lawan Dabarun Ali,
duta iku jaken lungguh,
ing kursi kang satunggal,
tur sembah narendra kalih,
sarta jawil patih Jedhi wus ginawa.

11. Minggah kursi sigra nembah,
wusira tata alinggih,
nulya patih atur sembah,
kakang Miskat surat niki,
surate Gusti mami,

sumangga panujonipun,
kang serat gya cinandhak,
ing Prabu Sakirdan Ali,
ingaturken mring Wong Agung Parangteja.

12. Lajeng katur mring ngayunan,
katur Wong Agung nampeni,
binuka sinukmeng driya,
tembunge sampun kadugi,
wau ki patih Jedhi,
cingak denira andulu,
kathahe para nata,
gung-agung abaik-baik,
lan cahyane Wong Agung Surayengjagat.

13. Kadi nukmeng diwangkara,
tan kuwawa denya ngliring,
Wong Agung nginggiling tenggak,
sira kyana patih Jedhi,
langkung eram ningali,
sapa kuwasa amungsuh,
ing cahya kang mangkana,
prasasat pratangga pati,
amiyara ujating jagat wiryawan.

14. Wong Agung alon ngandika,
marang kyana patih Jedhi,
heh ki Patih apa lawas,
panembahan ing Medayin,
ana Mutadarawi,
patih Jedhi nembah matur,
Pukulun kang minulya,
kang sestu Nataning bumi,
sangang wulan praptane rama Paduka.

15. Heh patih Jedhi matura,
marang ing ratunireki,
lamun ingsun nora lawas,

sajroning wulan puniki,
sun tindak angawaki,
marang prajane ratumu,
iya sawurinira,
pan ingsun nora ngangsuli,
layang dene sira dhewe kang dinuta.

16. Prapta panggih lawan ingwang,
yekti aluwih utami,
saking pira-pira layang,
tur sembah kya patih Jedhi,
pinaringan pisalin,
lan pira-pira gungipun,
retna sosotya pelag,
anembah amit umijil,
prapteng jawi ngayuh napak jumantara.

17. Wewengkon nagri Kuparman,
kya patih kang den tingali,
eram jembaring nagara,
kadhaton para narpati,
pra samya mawi ciri,
pucaking gapuranipun,
inten samaja-maja,
mutyaranira sakrambil,
weneh ana sawaluh pucak gengira.

18. Pangapiting kang gapura,
ana mas rineka sapi,
ana kang rineka kuda,
kang agung karatoneki,
emas rineka esthi,
ana kang rineka senuk,
ana rineka macan,
keh warna gapureng aji,
katon saking mandrawa pating pancurat.

19. Lor kidul wetan mangkana,

lampahe ngilen kaeksi,
kadi praja ngendraloka,
eram kyana patih Jedhi,
saben para narpati,
samya mangku lepen agung,
iki ratuning praja,
ratuning bumi sabumi,
pan ratuning resik rata ngalam donya.

20. Sayah ibere kya patya,
ler kilen kadhaton pinggir,
kendel patamananira,
binata selaka putih,
umpak sinilih asih,
tembaga abrit puniku,
ingkang adarbe taman,
nenggih raja Yusup Adi,
saler kilenira risang Arya Maktal.

21. Patih jedhi manjing taman,
sawusnya siram angambil,
mimilih ingkang wowohan,
wus dangu ngiling-ilingi,
cirining gapuradi,
nenggih patamananipun,
Sri Bupati ing Kebar,
ngungun kyana patih Jedhi,
mandahane tamane ratu pangarsa.

22. Mandahane Arya Maktal
Lamdahur lan Umarmadi,
Marmaya Tamtanusbaya,
pitulas mene watawis,
yata mulat angering,
ana gedhong alit patut,
wuwung sirape emas,
ginetak menga kang kori,
ing jro ana kendhaga katri kancana.

23. Kang tumumpang nginggil pisan,
bunuka na kitab alit,
winaca ran Kadammakna,
dangu den iling-ilingi,
lakone Jayeng Murti,
wiwitan tengahanipun,
sawuse linampahan,
miwah kang dereng ing wuri,
wus cinatur jroning kitab Kadammakna.

24. Gowak merak bango buthak,
ing dalu kinen angambil,
sutra pethak jroning pura,
nira Prabu Suyup Adi,
datan ana udani,
paksi sakawan wus nucuk,
sapraptanira taman,
katur ing rekyana patih,
sutra pethak linapis rineka kitab.

25. Menyet lingkungan ron gurda,
kang kinarya mangsi wilis,
puniku ingkang carita,
mila Prabu Yusup Adi,
guru ngesrahken pati,
mring atmaja Betaljemur,
Raden Wahas punika,
nateng Kebar den paringi,
rarasane jroning kitab Kadammakna.

26. Ngelmu iku langkung gawat,
sami lawan ngelmu gaib,
Nusirwan pan nora wikan,
yen ana kitab ireki,
Kadammakna kang mawi,
sidikira Betaljemur,
Bestak malih weruha,
baya tinakdir ing benjing,

ing tuwane Sri Narapati ing Kebar.

27. Dadi pandhita utama,
ulah nujum iladuni,
anom tumeka ing tuwa,
anrus prawireng ngajurit,
parandene sang Aji,
Yusup Adi kudu weruh,
sanget pangungkihira,
uwiting lahir lan batin,
kandel dening kinasihan mring wong Menak,

28. lan Wong Agung Parangteja,
miwah ki Umarmayeki,
wus manjing ratu wadana,
parandene Marmayeki,
kulup thole yen manggil,
tuwin Maktal lan Lamdahur,
Marmadi datan ana,
kang basa mring Yusup Adi,
uwit saking noraga bisa ngawula.

29. Yen iku nandhang brana,
kantaka madyaning jurit,
yekti wong Ngarab kiamat,
ingkang sami anglabuhi,
yen Maktal Umarmadi,
Umarmaya lan Lamdahur,
labuh pasthi sajagat,
para ratu Puserbumi,
mangsa anawa siji kang nedya gesang.

30. Mangkana panurunira,
sira kyana patih Jedhi,
tigang dalu tigang siang,
tan ana ingkang udani,
awor kalawan peksi,
patamanane sang prabu,

Kebar wus dadi samya,
geng-ageng kakayoneki,
dhasar limpad patih Jedhi mocung kitab.

VI. PATIH BESTAK DIPUN WELEHAKEN DENING PATIH JEDHI

Pucung

1. Kang tinurun pinegat ing urutipun,
   ingkang Kadammakna,
   jinujug duk Malebari,
   pan dhuwure Mutadarawi kacandhak.

2. Duk Wong Agung kena ing paekanipun,
   prang neng Purwakandha,
   cinadhok ing Masrukakim,
   nanging nora dadi asoring ngayuda.

3. Asor ratu ing Mutadarawi besuk.
   nagari Talsiyah,
   ing benjing ingkang ngratoni,
   Banuarli Marmadi ingkang susuta.

4. Sutanipun ing benjing Prabu Lamdahur,
   madeg Purwakandha,
   anaman Prabu Pirngadi,
   lawan putra wuragil Medayin lanang.

5. madeg ratu Gumiwang Prabu Semakun,
   kabeh kang akarya,
   Wong Agung Surayengbumi,
   sampurnane Mutadarawi amulya.

6. Lajengipun bektarti kang madeg ratu,
   Dyan Aris Munandar,
   kang wayah buyut sang Amir,
   lajeng bedhah Ngambarkustub Kalakodrat.

7. Lajeng mukul ing Ngrokam saurutipun,

nulya sinampunan,
panurune patih Jedhi,
wus tinutup panepene rajeng Kebar.

8. Kitabipun Kadammakna sampun wangsul,
aneng kendhaga mas,
umesat ki patih Jedhi,
saking nagri Kuparman napak gagana.

9. Tan winuwus ing marga lampahe sampun,
prapteng Purwakandha,
pukul ing sadasa enjing,
duk sineba sri bupati Purwakandha,

10. pan anginum lawan kang rama Medayun,
aglar para nata,
pratane ki patih Jedhi,
paniyupe lajeng anjog panangkilan.

11. Nembah matur sasolahira ingutus,
yen sang Kakungingrat,
nunte tumindak mariki,
sabalane sampun samekta busana.

12. Lajeng muwus patih Jedhi tutur-tutur,
nutuh patih Bestak,
sira iku sun arani,
wus atuwa nora awas ing wiweka.

13. Nanjuk-nanjuk wong mengkana sira mungsuh,
nora pati mawas,
nguthuh denira mrih tandhing,
nora larang wong iku kasurang-surang.

14. Durung dulu ingsun ingkang para ratu,
tangkebe sembada,
awor ing cahya nelahi,
dadi siji mancur wiletan kang cahya.

15. Sawangipun gung alit kang para ratu,

tan ana nyaluwag,
wus awor ing lahir batin,
nyawa siji den anggo wong sanagara.

16. Ing tyasipun Wong Agung anjayeng satru,
kaliwat santosa,
kandel kumandel ing Widhi,
wong mengkana iku wus angawak jagat.

17. Jer wus luput sira Bestak satingkahmu,
anggung karya jawab,
benggange sang Jayeng Murti,
wong aduwe ingon-ingon pinrih rusak.

18. Jayeng Pupuh iku nora nedya ucul,
saking astanira,
sira prih kapati-pati,
pan wong arep mekar kudu sira wijang.

19. Denya muwus patih Jedhi sarya wuru,
wong mentas lalampah,
lajeng ginem bong branduwin,
anggur kenit aneng tengah panayuban.

20. Milanipun nora taha denya muwus,
dhasar kaduk tatag,
pesaja rahayu budi,
kuciwane patih Jedhi palawija.

21. Wulu manuk awake manungsa tuhu,
asuwiwi elar,
watesa ing sikutireki,
andhap alit prawira budi polatan.

22. Milanipun keringan ratunireku,
saking wagedira,
pratikele patih Jedhi,
tyas nudhagi prawira amandra guna.

23. Ya ta wau ki patih pamuwusipun,

aneng pasamuwan,
ngarsane Prabu Medayin,
heh ta Bestak sira talutuhing jagat.

24. Duwe ratu pinisepuh ratu agung,
teka den prih rusak,
wong becik sedya angabdi,
dadak sira prih ala wurung dandanan.

25. Tur ta iku kinempita mangsa ucul,
saking tanganira,
sira nora bisa napih,
wong panasten kari kasektene padha.

26. Sira kudu buruceng kelangan palung,
malah buru kidang,
kelangan bantheng sayekti,
teka ngendi iya sagunging pratingkah.

27. Mung rekamu gawe rusaking ratumu,
ginawa ngumbara,
ping pira lawase mangkin,
alah endi wekasane lakonira.

28. Malah iku iya mundhak wuwuh-wuwuh,
ing musibatira,
ratumu katoring-toring,
nora kapok saben nyambat-nyambat kalah.

29. Dadi iku muwuhi balaning mungsuh,
si Surajengjagat,
duk seba prapteng Medayin,
iya pira misih kedhik durung kathah.

30. Mendah iku tulusa aneng sireku,
pasthi ratunira,
dadi ratuning sabumi,
dhasar tuwa duwe mantu prawireng prang.

31. Kongsi dhawuk nora antuk nemu kethuk,

malah mundhak-mundhak,
kecanthel-canthel tan kari,
liwat luwih Bestak tan duwe pangrasa.

32. Iku patut tinapuk kinepruk watu,
pan sinempal-sempal,
awake den suwir-suwir,
ora eling wong duwe pratingkah cidra.

33. Ratuningsun ing kene duwe yaiku,
wiwitan mengkana,
kang kaya si Jayeng Murti,
pasthi luhur kaya duk nabi Suleman.

34. Sami ngungun anjethung kang samya ngrungu,
denira angucap,
patih Jedhi miyatani,
aranana Bestak ing pandhandhangira.

VII. WONG AGUNG NGLURUG DHATENG PURWAKANDHA

Dhandhanggula

1. Lah wong apa Bestak sira iki,
anggung gawe sira ngajak rusak,
sajeg tan ana undhake,
angunthul dhawul-dhawul,
pan yak-yakan saba wana dri,
saking ing bodhonira,
ya ratumu iku,
sira kang agawe rusak,
gawe nistha Bestak mireng kethip-kethip,
netra sawang kunarpa.

2. Pan anglanjak kyana patih Jedhi,
tuwan punika Prabu Nusirwan,
dede ratu sayektine,
ing sapuluh rong puluh,
den nggo nistha marang apatih,
nora duwe pangrasa,
pira laminipun,
anggung ngrusak nguladara,
ratu agung teka anyupetaken wiji,
kya patih sigra ngatag,

3. bala peksi kinen anyekeli
para ratu Medayin sadaya,
bupati myang punggawane,
Bestak wus tinalikung,
kinunjara dadi sawiji,
lawan patih Talsiyah,
binelok atumpuk,
mung Nusirwan ingaweran,
pan dosane dene kagawa ing patih,
lan anggegawa rusak.

4. Aturira ki apatih Jedhi,
sampun kaget sang Prabu Nusirwan,
sakeh ratu punggawane,
boya wonten tinemu,
amung ngajak rusak pinanggih,
apan ratu kawula,
arsa aprang pupuh,
rebut pati rebut gesang,
yen nyandhinga waras kabeh wong Medayin,
pasthi nemu cilaka.

5. Nunten ratune den parepeki,
patih Jedhi alon aturira,
binisikan surasane,
Kadammakna puniku,
nanging namung mijil sapalih,
ratune kekes myarsa,
ing kayektenipun,
babone kang temen baya,
iki paman si Masrukakim wus lami,
mangkat marang Kuparman.

6. Kabeh iku Kadammakna nukil,
babone mung kang ana si Wahas,
tunggale lan bapakane
pan ki Seh Betaljemur,
pagawean ala lan becik,
nistha lawan utama,
uwite nggonipun,
ana Medayin nagara,
Sri Nusirwan iki sarwi anguwiti,
teka kudu kerapa.

7. Wong wis simpen kudu ipil-ipil,
yen mengkono nggoning njajal laknat,
nora kapok sajeg-jege,
gapitan Bestak iku,

kabeh para ratu Medayin,
ing sagapite papat,
amung putra telu,
ingkang nora ginapitan,
ingapura putra titiga Medayin,
yeku bae warasa.

8. Datan wonten kang sinungan bukti,
tuwin toya tan ana sinungan,
kalamun rina den epe,
lamun bengi den ekum,
yen apranga ginawe benjing,
upacara neng ngarsa,
mangkana winuwus,
Masrukakim pan wus prapta,
pan ketampan wau denira angabdi,
dening pandhukunira.

9. Sarwa bisa anggarap wong sakit,
Masrukakim kendel suwitanya,
Marmaya kang nglebokake,
dadya sulih dhudhukun,
wus mangkana sang Jayeng Murti,
budhal panglurugira,
wadya pinartelu,
rong duman ingkang binekta,
kang saduman kantun atengga nagari,
tuwin kang para nata,

10. saha garwa budhalira Amir,
tuwin ingkang sagung para nata,
iya lawan sagarwane,
salin panganjuripun,
para ratu Rum Burudangin,
mungguh kang munggeng ngarsa,
wruh jajahanipun,
Mutadarawi nagara,
tunggil wates lan nagri Rum Burudangin,

corok tepung jajahan.

11. Raja Guntur wadya Burudangin,
ratu kawentar prakosa ing prang,
wolungdasa gas dedege,
kalawan sanga prabu,
ingkang para amianjuri,
raja Bajrawahana,
lawan raja Kaljum,
raja Krudamah ing Wangkan,
raja Algren ratu saking ing Dalmindi,
raja Biharjikondran,

12. raja Wiswel nagrine Kenardis,
yeku balane kang nunggang macan,
kalih leksa prajurite,
sakethi nitih senuk,
raja Wiswel iku prajurit,
dedeg sangang dasa gas,
ratu satus ngayun,
sami prawireng ngayuda,
tigangatus ratune kang aneng wuri,
sapalih tengga praja.

13. Satelase wadya Burudangin,
wadya Serandil sumambung wuntat,
Kebar Yujana sambunge,
nulya kang para ratu,
tan cinatur lampahing baris,
pangkat-pangkating wadya,
sagung para ratu,
ing wuri kang para nata,
pan sadaya ingkang para raja siwi,
awor balane Rustam.

14. Kadya wun-awun ingkang wanadri,
mawa panjrahing puspita taman,
wus lami wau lampahe,

pitung dina ingenu,
sampun manjing aneng wanadri,
lepen ageng kamargan,
ayem kang wadya gung,
wana resik sitinira,
yen makuwon eca tyase kang wadya lit,
ayem mulat ing papan.

15. Wusnya tigang dina tigang wengi,
kendelira wadya bala kuswa,
kadya ampuhan swarane,
tan kocap laminipun,
wus anggepok desa paminggir,
kancikan ing gagaman,
wadya lit akuwur,
geger angili wong desa,
lir susulung caraka jro kitha prapti,
mariksa mungsuh prapta.

16. Sestu lamun mengsah ageng prapti,
saking Kuparman kadi samodra,
tanpa tepi balabare,
ya ta wau sang prabu,
Samasrawi sampun ngundhangi,
pra dipati kang manca,
miwah para ratu,
pra samya tugur praptanya,
apan dhomas para ratu Samasrawi,
sami among jajahan.

17. Wus anjajah wadya Puserbumi,
ingkang pantes dadya pasanggrahan,
amota sagung wadyane,
pakuwon para ratu,
wonten dhusun celak banawi,
rata papane jembar,
dhusun Renggangayu,
prayoga wus binabadan,

saking kitha amung lalakon sawengi,
pantes rata ajembar.

18. Patih Jedhi sigra marentahi,
karya pasanggrahan ratunira,
gumuruh kang nambut gawe,
tan lami dadosipun,
raja Samasrawi wus mijil,
lan sagung para nata,
sang Prabu Medayun,
binekta mring jawi kitha,
gagapitan para ratu ing Medayin,
miwah ki Patih Bestak.

19. Prapteng kitha dutanira Amir,
panonjoke panantang yen prapta,
miwah ta apasukane,
prange tumulinipun,
apa dene rereh sathithik,
yen wus samadya candra,
sedheng aja wayu,
metu Ngasmaradilaga,
pawangsule sang raja ing Samasrawi,
sagah samadyeng wuntat.

VIII. WADYA KUPARMAN CAMPUH LAN WADYA PURWAKANDHA

Pangkur

1. Kabut saking jroning kitha,
saha bala munggeng pakuwon njawi,
sedheng sapanggihanipun,
lan pakuwoning mengsah,
ara-ara pakuwon rinata sampun,
badhe papaning ngayuda,
wus tata pakuwon njawi.

2. Wus prapta antaranira,
mijil ing prang sang Prabu Samasrawi,
tengaranira gumuruh,
peksi kang atengara,
buron alas sami wau ingkang nabuh,
nimbangi tengaraning prang,
Wong Agung Surayengbumi,

3. Wus aglar prajuritira,
aneng papan sang Prabu Samasrawi,
kya patih Jedhi neng ngayun,
lawan rajeng Gumiwang,
anambungi sakathahing para ratu,
lenggah ing meru kancana,
sanga Prabu Samasrawi.

4. Gegapitan patih Bestak,
sakancane pra dipati Medayin,
ginapit kang jaja bau,
wesi ulur-uluran,
pan pinrenah neng ngarsane baris ngayun,
ragi ing kanan nggenira,
samya sinungan branduwin.

5. Darapon kuwata mulat,

ing wong aprang undhange patih Jedhi,
mring prajurit para ratu,
kabeh wus binisikan,
ing emele singa metu ing prang pupuh,
wau Wong Agung Kuparman,
prapteng papan wus apanggih.

6. Munggeng palowanu retna,
aglar sagung para ratu prajurit,
tuwin para raja sunu,
barise wus akapang,
akalangan lan barise mungsuhipun,
wong cilik atut kewala,
baris iku anjajari.

7. Pan sampun sawang-sinawang,
rewang mungsuh sang Prabu Samasrawi,
angatag prajuritipun,
ratu andeling aprang,
nembah mangsah nitih dipangga sang prabu,
prapteng rana asusumbar,
raja Argenap prajurit.

8. Marang nggone patih Bestak,
anglampahi parentahira patih,
angenul ing sirahipun,
Bestak sarwi angucap,
myang sirahe kabeh punggawa Medayin,
dulunen iki wong lanang,
kang wani metu ajurit.

9. Kang wus antuk aran lanang,
wong Medayin iku kabeh pawestri,
mung sirike nora pinjung,
atine wadon padha,
ora tau prang iya ing sajegipun,
mung ngadu-adu kewala,
wadon martabating eblis.

10. Wusnya mangkana anulya,
lajeng nengah susumbar nguwuh tandhing,
wau kang amit umagut,
ingiden sigra mangsah,
nitih esthi prapteng papan raja Gungsur,
wus prapta ayun-ayunan,
raja Argen asru angling.

11. Wong Ngarab saparanira,
anauri ing Kentir praja mami,
iki lah sang raja Gungsur,
ratu balaning nata,
Burudangin ratu prakosa dibyanung,
sang Prabu Tasangsulngalam,
kaipe ing Jayeng Murti.

12. Lah ta iku lurahingwang,
iya iki andeling Burudangin,
lah sira sapa aranmu,
prajurit Purwakandha,
anauri pan ratu ing Konjor ingsun,
kang nama raja Argenap,
andele wong Samasrawi.

13. Raja Argenap sru mojar,
lah ta payo apa aneng sireki,
sru sugal sang raja Gungsur,
mamak sira Argenap,
nora watak iya dudu caraningsun,
andhinginana ing aprang,
sabalane gusti mami.

14. Gumuyu raja Argenap,
nyata apik si Arab iki jurit,
dèn prayitna ingsun pupuh,
kudhunga bandabaya,
muter gada raja Argenap amupuh,
gumuruh suraking bala,
sang raja Gungsur tan osik.

15. Akuwat panangkisira,
sigra males anggada sri Bupati,
ing Kentir sang raja Gungsur,
tumempuh paris waja,
datang osik Argenap panangkisipun,
arame gada-ginada,
adangu denira jurit.

16. Kalihe ratu prakosa,
sedheng datan kuciwa ing prang tandhing,
suka wadya surakipun,
yayah gayuh triloka,
gada sampun tanpa karya kalihipun,
sareng buwang salin pedhang.

17. Adangu pedhang-pinedhang,
datan ana kasor kang yuda kalih,
lan samya prawiranipun,
wasis prang main pedhang,
yudanira ing Kentir sang raja Gungsur,
wus manjing satengah dina,
Argenap denira jurit.

18. Ing wuri amit umangsah,
anggiliri yen sayah kang ajurit,
amit ingiden sang Prabu,
Sibangi rajeng Sardat,
nitih kuda apan sarwi ngenul sampun,
ing sirahe patih Bestak,
miwah punggawa Medayin.

19. Sawusnya ing wuwusira,
kang parentah wau kya patih Jedhi,
heh dulunen wong Medayun,
iki wong aran lanang,
nora nganggo anyambat met sraya mungsuh,
wong Medayin karyanira,
gawe susah wong ngaurip.

20. Ratuku mukti ing praja,
den parani den ungsi den waduli,
mung gunamu ngadu-adu,
prang dhewe nora bisa,
wong wedi prang mung nyambat ing sajegipun,
wong rusak angajak-ajak,
nggawa mungsuh akeh prapti.

21. Sawusnya mojar anengah,
Sri Nusirwan tumungkul duk miarsi,
rajeng Purwakandha matur,
inggih punapa lepat,
ukumipun angoyog-oyog wong turu,
jer dede pikir nagara,
pikiripun wong Medayin.

22. Kang lumrah pikir manungsa,
barang tingkah yen uwis bola-bali,
tan ana dadine iku,
sayekti marenana,
ngupayaa pikir ing kadadenipun,
ingkang pantes linadenan,
kang kadi tuwan puniki.

23. Ping kalihatus tan dadya,
kaping sewu luput datanpa dadi,
prandene nora age wus,
marmane ta punika,
tetap eblis mrana-mrana sok wewadul,
anyanyambat angadu prang,
tan wani aprang ngawaki.

24. Andhingkul Prabu Nusirwan,
inggih leres anak Prabu denyangling,
satengu tan mawi luput,
pun bapa langkung tiwas,
ya ta wau ingkang nggiliri prang pupuh,
raja Sibangi ing Sardat,
raja Argenap ngunduri.

IX. PERANG TANDHING

Durma

1. Raja Gungsur apan sampun giniliran,
andeling Burudangin,
mangsah prapteng-papan,
Miswel anitih macan,
Sri Bupati ing Kenardis,
ratu digdaya,
banthenging Burudangin.

2. Yun-ayunan raja Sibangi tatanya,
sapa aranireki,
ratu bala Arab,
alon ing saurira,
ingsun ratu ing Kenardis,
andeling aprang,
raja Miswel ran mami.

3. Sira sapa kang metu wong Purwakandha,
ingsun raja Sribangi,
prajaningsun Sardat,
ya ratu andelingwang,
payo apa neng sireki,
sang rajeng Sardat,
muter gada Sibangi.

4. Den prayitna raja Miswel ingsun gada,
kudhunga paris wesi,
tumempuh kang gada,
jumebret kadya gelap,
tan osik denira tangkis,
surak gumerah,
mungsuh rowang mbarengi.

5. Pindho tan wigata panangkisira,

angling raja Sibangi,
payo amalesa,
rajeng Kenardis mojar,
lah iya den ngati-ati,
palu den ikal,
rante salaka putih.

6. Wawrat sewu pan kalihatus kati mas,
apan Prabu Kenardis,
tunggil guruning prang,
kalawan gustinira,
Sri Bupati Burudangin,
rante kencana,
Miswel rantene putih.

7. Duk pinuter sumiyut ngirid pawana,
sinabet sang Sibangi,
kumabyuk sinendhal,
kena panggubedira,
karangkul rajeng Sibangi,
pisah lan gada,
raja Miswel ngudhuni.

8. Wus cinandhak raja Sibangi tan polah,
turangga den kakahi,
tinubruk ing macan,
Miswel titihanira,
gumuruh surakira tri,
wadya Kuparman,
suka kang aningali.

9. Yudanira Miswel lir nibakken jala,
pinusus mungsuh keni,
mungsuh pama iwak,
jambal kena ing jala,
gya Raden Sudirman prapti,
naleni banda,
marang raja Sibangi.

10. Kuda pejah pukang kakalih pinangan,
mundur kasaput wengi,
Miswel nitih macan,
macane nyokot pukang,
eram kang samya ningali,
pratingkahing prang,
raja Miswel Kenardis.

11. Rajeng Purwakandha ing dalu bujana,
lawan sagung prajurit,
wau kawarnaa,
Wong Agung Surayengrat,
ing dalu bujana sami,
lan para nata,
enjing miyosi jurit.

12. Samya mijil barise kang para nata,
risang Surayengbumi,
lawan para raja,
mungsuh rowang wus medal,
Wong Agung Surayengbumi,
sampun alenggah,
neng dirgasana rukmi.

13. Miwah Prabu Samasrawi wus alenggah,
neng padmasana rukmi,
aglar para nata,
prajurit pra dipatya,
tan owah rakiting baris,
ing ngarsa kanan,
gapitan wong Medayin.

14. Amiyosi prajurit ing Purwakandha,
mangsah nitih turanggi,
angenul gapitan,
heh wong Medayin padha,
dulunen wong lanang iki,
metu ing aprang,
sira padha pawestri.

15. Mung gunamu nyanyambat angadu ing prang,
aprang dhewe tan wani,
sawusira mojar,
lajeng nengah susumbar,
wong Ngarab metuwa jurit,
iki narendra,
andel Mutadarawi.

16. Datan betah miarsa amit magut prang,
prajurit Burudangin,
nitih kuda mangsah,
panggih ayun-ayunan,
tatanya sapa sireki,
wong Purwakandha,
asru denya nauri.

17. Ingsun ratu Gunara raja Bardikman,
andel Mutadarawi,
lah ta sira sapa,
ratu Arab kang mangsah,
nauri sang rajeng Simik,
Kaldum raning wang,
andel ing Burudangin.

18. Payo aprang apa kang ana ing sira,
muter gadanira glis,
Sang Raja Bardikman,
raja Kaldum ginada,
tempuhe parise tangkis,
mubal dahana,
surak gumuruh atri.

19. Raja Kaldum amales muter gadanya,
ginada anadhahi,
sang raja Bardikman,
rame gada-ginada,
gumuruh surakira tri,
mungsuh lan rowang,

wau ta kang ajurit.

20. Rame gada-ginada datan wigata,
aseleh gada kalih,
gya pedhang-pinedhang,
dangu datan pakarya,
sagung gagamaning jurit,
rempu sadaya,
dangu ramening jurit.

21. Salin tarik-tinarik sendhal-sinendhal,
raja Kaldum tinarik,
singsal saking kuda,
prapta sang rajeng Wangkan,
raja Kaldum meh binanting,
raja Krudama,
nyendhal saking turanggi.

22. Tanya prabu Gunara wong Arab sapa,
kang nambuh ing ngajurit,
ingsun rajeng Wangkan,
aran Prabu Krudama,
andel nagri Burudangin,
gada-ginada,
rame denira jurit.

23. Mungsuh rowang surake kadya ampuhan,
rajeng Gunara aglis,
sinendhal kasingsal,
sira raja Bardikman,
ingikal pan meh binanting,
melak dipangga,
rajeng Gumiwang prapti.

24. Wus karebut sira sang raja Bardikman,
lajeng ngantebi bindi,
tanya rajeng Wangkan,
mungsuh aranmu sapa,
prapta nambuh ngajurit,

ingsun Gumiwang,
sang raja Karungrawi.

25. Pan arine sang Prabu ing Purwakandha,
sang raja Samasrawi,
gya males anggada,
raja Krudamawangkan,
arame bindi-binindi,
danguning aprang,
epur kasaput wengi.

26. Samya mundur kalihe kang bandayuda,
lajeng bujaneng ratri,
kalihe mangkana,
sang Prabu Purwakandha,
amboga sagung prajurit,
tuwin wong Ngarab,
bujana ngasmarani.

X. SEH WARIDIN KEPENGIN KEPANGGIH WONG AGUNG

Asmaradana

1. Wong agung Surayengbumi,
   ngandika sapa waspada,
   yen patih Bestak wartane,
   ginapit lan para nata,
   ing Medayin sadaya,
   Kewusnendar nembah matur,
   inggih saking katebihan.
2. Lamat-lamat kadi inggih,
   nanging saking katebihan,
   kadi inggih matakapen,
   raja Gungsur pinariksa,
   inggih wonten gapitan,
   miwah ture raja Kaldum,
   estu yen kathah gapitan.
3. Nging amba dereng udani,
   ing warnine patih Bestak,
   ngandika Jayeng Palugon,
   heh yayi Tasangsulngalam,
   ratu ingkang tinawan,
   mring rajeng Kenardis iku,
   gawanen mring ngarsaningwang.
4. Tan adangu nulya prapti,
   raja Sibangi ing Sardat,
   neng ngarsaning para katong,
   dinangu heh raja Sardat,
   nyata ki patih Bestak,
   ginapit siyasatipun,
   mring sang Prabu Purwakandha.
5. Lah apa dosanireki,
   Bestak kene ing siyasat,

raja Sibangi ature,
dumeh rajeng Purwakandha,
eca mukti neng praja,
Bestak mbekta ratunipun,
prapta ngungsi ngadu aprang.

6. Aprang dhewe nora wani,
ping pira-pira nyanyambat,
tinetepaken tekade,
dede budining manungsa,
budining dajalanat,
mila Bestak tinalikung,
lan punggawane sadaya.

7. Pan Gusti kawula ngriki,
salamine lalana prang,
pan dereng kambah prajane,
inggih dening parangmuka,
mung lagya sapunika,
wit saking Bestak pukulun,
tan kapok denya nyanyambat.

8. Anyetani wong sabumi,
pandamele patih Bestak,
den ungsi winadulake,
ingipuk wania aprang,
lawan Sultan Kuparman,
kaya dudu ratu agung,
anut budining wong kumpra.

9. Nagara wus becak-becik,
mukti anganggur kewala,
lawas-lawas nuli geger,
yen kanggonan patih Bestak,
sajege pan mangkana,
mulane patut den ukum,
agawe susahing jagat.

10. Singa-singa kang den ungsi,

nuli katekan gagaman,
bala Arab pangluruge,
desa kuthane binedhah,
narpatine katawan,
tan kapok pantes den ukum,
patih Bestak cinangkalak.

11. Sagung kang para narpati,
miarsa gumujeng samya,
rajeng Sibangi ature,
Wong Agung alon ngandika,
yeku pratingkah apa,
budinen ingkang satuhu,
yayi mas ing Parangteja.

12. Tuwin kakang Guritawesi,
miwah sagung para nata,
budi apa kang mangkono,
aneh lawan para raja,
ratu ing Purwakandha,
Arya Maktal nembah matur,
pan cekak aos kewala.

13. Cekap Prabu Samasrawi,
tan kambahing parang muka,
yen aja anaa kiye,
lan Bestak iki wong apa,
tan kapok anyanyambat,
wus kalah ping pirang atus,
teka maksih angupaya.

14. Ukum ngajak-ajak mati,
lawan ngajak-ajak rusak,
kang saking tata wantere,
inggih yen menggah kawula,
mung makaten kewala,
nggen tuwan mengsah pukulun,
yekti mungsuh tetemenan.

15. Nambungi rajeng Sibangi,

dene undhange yen mangsah,
ing aprang kang para katong,
kinen mampir nggen gapitan,
sarwi ngenuli sirah,
sarta sami kinen muwus,
dulunen iki wong lanang.

16. Kang wani metu ngajurit,
iki kang wus tetep lanang,
wong Medayin wadon kabeh,
gunamu amung nyanyambat,
setan angambra-ambra,
sangsaya suka gumuyu,
miyarsa sagung narendra.

17. Ki dipati Guritwesi,
muwus marang para nata,
katiwasan gedhe ingong,
maratungkak cinengkalan,
ladak wong Purwakandha,
Samasrawi banget ngukum,
wong tuwa anggung pinala.

18. Saya sru gujenge sami,
sagunging kang para nata,
raja Sibangi tinaros,
sira paran karepira,
mati apa uripa,
yen urip anuta mringsun,
agama Ibrahim duta.

19. Matur sang raja Sibangi,
Pukulun dipun saranta,
tuwan panjara kemawon,
manawi winastan kirang,
bobotipun narendra,
dene amba sakalangkung,
ngajengken sapangat tuwan.

20. Yen ratu kawula taksih,
sayekti ngong ratu nistha,
nunten anungkul mengsahe,
ya ta nulya tinurutan,
sinungken Umarmadya,
winarangka kuneng wau,
Wong Agung Surayengjagat.

21. Wonten pandhita winarni,
tapa neng wukir Munada,
ki Seh Waridin namane,
wukir iku tutup guwa,
njaba jro pan pratapan,
sang pandhita pan wus junun,
niskala sarira suksma.

22. Sampun kawandasa warsi,
tapa neng wukir Munada,
kabeh ngilmuning Hyang Manon,
kasab lembut wus kaasta,
amung kantun satunggal,
ciptane dereng katemu,
dening sangeting panedha.

23. Panedhanireng Hyang Widhi,
aja nuli mati ingwang,
iya yen durung kalakon,
katemu sang Kakungingrat,
trah Arab Kalengkengrat,
kang mangka resining karbu,
sirahe wong ahli aprang.

24. Ing sabumine wong mukmin,
darahe cundakaning Hyang,
nabi Ibrahim kinaot,
saking nabi Smangil bangsa,
puputra Menak Kendar,
puniku kang darbe turun,

tedhak Kures lahir Mekah.

25. Dadya surayaning bumi,
manggalaning pramudita,
wong ahli aprang sakehe,
karan Surayengjagat,
mangun kitha Kuparman,
miarsa ing mangke nglurug,
nggitik nagri Purwakandha.

26. Wewengkon Mutadarawi,
wukir Munada punika,
Seh Waridin pratapane,
saking salebeting kitha,
amung lakon sadina,
pan guwa samar asamun,
wong Purwakandha tan wikan.

27. Mangkana ki Seh Waridin,
asanget panedhanira,
pinengkul pana ciptane,
muga Hyang Latawalujya,
kang Agung Maha Mulya
amba asanget manekung,
mugi Hyang nambadanana.

28. Asunga rahmat ing dasih,
amba tuwan panggihena,
lawan kakasih Hyang Manon,
ingkang sampun tuwan karya,
ing jagat aran lanang,
Sayidin Ambyah puniku,
tuwan panggihna lan amba.

29. Kawula nunten ngemasi,
mantuk dhateng Rahmatullah,
tan dangu karaos tyase,
angrasa yen tinarima,

ingangkat sirahira,
saking nggenira asujud,
ing dalunira Jumuwah.

30. Ing wanci satengah kalih,
wonten parmaning Hyang Suksma,
malaekat kang ambopong,
pinet saking pasanggrahan,
gembes klambunira,
prangwedanine ginulung,
inguncalken mring jro guwa.

31. Ing ngarsane Seh Waridin,
Wong Agung maksih anendra,
tumalorong duk tibane,
amawa cahya nugraha,
kadya sasangka memba,
ki Seh Waridin lon mungu,
angger Wong Agung wungua.

32. Pun bapa ingkang sinungsih,
dhawuh ing Laelatulkadar,
wungu Wong Agung njenggelek,
kagyat yen saling panggonan,
dede pakuwonira,
ki Seh Waridin anambut,
ing asta anutur purwa.

33. Wong Agung ngungun miarsi,
arsa nembah mring pandhita,
kipa-kipa angrepepeh,
sami salaman kewala,
wusnya atata lenggah
tanya mula bukanipun,
Seh Waridin wijilira.

XI. WONG AGUNG MURCA SAKING KADHATON

Mijil

1. Alon ature ki Seh Waridin,
   adhuh Gustiningong,
   nggih pun bapa ing ngriki lamine,
   trah tumerah ing Mutadarawi,
   karsaning Hyang Widhi,
   sinucekken ingsun.

2. Sinandhangan iman ing Hyang Widhi,
   tan tumut sang katong,
   ing Mutadarawi Nuh nabine,
   mangke sarengat nabi Ibrahim,
   datan tumut sami,
   inggih kang rumuhun.

3. Sinalinan nggih sarengat neki,
   nabi Mungsa kaot,
   lajeng sarengat Ngisa saline,
   Mutadarawi nggih mboten salin,
   mung kang den ugemi,
   sarengat nabi Nuh.

4. Langkung wangkote ratu ing ngriki,
   run tumurun katong,
   apan sami ngendhukur sasare,
   mangko wonten jaman kitrah nenggih,
   paduka angradin,
   ing agaminipun.

5. Luluhur tuwan nabi Ibrahim,
   sagung para katong,
   kabeh praja ingkang gedhe-gedhe,
   ingkang mungkir paduka tumpesi,
   kang anut basuki,
   tuwan sungi luhur.

6. Amba nunuwun sapangat Gusti,
tuwan kang kinaot,
ingkang mulya agama kalihe,
pan ing benjing asalin agami,
trah tuwan kang dadi,
nabi kang panutup.

7. Mijil saking kadang paduka Mir,
nabi kang kinaot,
tur minangka kasihing Hyang dhewe,
linahirken Kalipatullahi,
bumi Mekah benjing,
nabi kang pinunjul.

8. Kula punika inggih prejanji,
kalawan Hyang Manon,
sampun pinundhut nyawa yen dereng,
apapanggih lan paduka Amir,
yen sampun apanggih,
mbotena pinundhut.

9. Yekti mantuk mring Rahmatullahi,
yen sampun patemon,
lan paduka ing mangke mangsane,
kula amung meling paduka Mir,
amba turna benjing,
ing putra pukulun.

10. Kangjeng nabi nayakaning bumi,
yen amba wus condhong,
ngajeng-ajeng inggih saderenge,
lahir rasul musthikaning bumi,
Wong Agung nauri,
yen sami rahayu.

11. Salaman ngaras astanira Mir,
sarwi muwus alon,
lah kantuna paduka ing kene,

lingira Mir paduka mring pundi,
matur Seh Waridin,
andhatengken kayun.

12. Kajat amba wus den ijabahi,
pan sampun kalakon,
pinanggihken lan paduka mangke,
sayektine ambat mit ngemasi,
niba Seh Waridin,
neng siti wus lampus.

13. Langkung ngungun miyat Jayeng Murti,
duk arsa binopong,
layon musna atingal salame,
trenyuhing tyasira Jayeng Murti,
wardayanya ngikis,
marebel wetu luh.

14. Dangu-dangu tiningkes tyas neki,
ketang ingkang katon,
iya uga wus kinarsakake,
sagung pakarti dening Hyang Widhi,
pan ingsun kinardi,
manggaleng prang pupuh.

15. Kepengina pratingkahing wali,
tan wande kasemon,
tan narima ing titah arane,
pan sakala pulih tyasira Mir,
ing manah prajurit,
sudibya kawengku.

16. Mung kacipta rahabing ngajurit,
ing reh kang linakon,
pamengkune ing kasenapaten,
dadya ngulah ngibadah sang Amir,
neng Munada wukir,
manguneng manekung.

17. Kuneng kang aneng Munada wukir,

gantya winiraos,
baris Arab kang sanget arame,
para putra garwa para aji,
pra samya prihatin,
duk musna ing dalu.

18. Nenggih Wong Agung Surayengbumi,
lir kadya cinolong,
ing malekat ing pasareane,
kadya guntur sawarane kang tangis,
Maktal Marmayeki,
ebek tyasnya wimbuh.

19. Sinirepan kang sami anangis,
sagung para katong,
Wong Agung kalih nimbali kabeh,
prapta aglar kang para narpati,
Maktal Marmaya ngling,
marang para ratu.

20. Ngestrenana sagunging para ji,
iki ing samengko,
pamengkuning pabarisan kabeh,
sasirnane kang Surayengbumi,
Raden Rustamaji,
umadega prabu.

21. Linenggahken enggene rameki,
Sang Jayeng Palugon,
dirgasana rinengga sotya keh,
Arya Maktal ingkang mugareni,
bawaning ngajurit,
pan sor-soranipun.

22. Kinarya awak rajeng Yunani,
boboting pakewoh,
Umarmadi Lamdahur wus dene,
lan narpati Kewusnendar tuwin,

rajeng Barudangin,
narendra pinunjul.

23. Umarmaya kang kesah ngulati,
ing Jayeng Palugon,
wau Sultan Mudha parentahe,
kinen nugel buntuting turanggi,
pratandha prihatin,
wadya Rab wus umum.

24. Anggung bujana Prabu Taruni,
lawan para katong,
Umarmaya wau ta lampahe,
momor manjing sajroning nagari,
sarwi malih warni,
bilih gunanipun.

25. Prabu Samasrawi amandungi,
nilib ing pakewoh,
sampun manjing Marmaya lampahe,
jajah wewengkon sajroning puri,
tan ana kapanggih,
kuneng lampahipun.

26. Ingkang ngulati anggung ninitik,
gantya winiraos,
pakuwon Arab ing pratingkahe,
ibunira Prabu Rustamaji,
kang anggung anangis,
sang Retna Marpinjun.

27. Anggung anganthi kang wayah kalih,
mring ngarsa sang Katong,
pan tinuntun kang wayah kalihe,
munggeng astane ing kanan keri,
Raden Atasaji,
Raden Kalaranu.

28. Ingkang putra gupuh anedhaki,

kang ibu wus lunggoh,
kaki Prabu paran sira kiye,
tan aneng jro ing tyasingsun iki,
abot mungsuh iki,
sepi wong tuwamu.

29. Uwakira kakang adipati,
wus sida lunga ndon,
angupaya kang musna asare,
pamanira Parangteja iki,
apa tań amikir,
weh weruh ibumu.

30. Yen adoha lan ibunireki,
Parangakik ingong,
banget maras tyasingsun yektine,
yen anaa yayi Parangakik,
awuwuh amalih,
Sri nataning mungsuh.

XII. NGREMBAG MURCANIPUN WONG AGUNG

Sinom:

1. Kaki Prabu ibunira,
   yayi Dewi Parangalik,
   yen tungguwa pabarisan,
   pan ora ingsun pribadi,
   kang enak tyase sami,
   nadyan kabeh para ratu,
   padha eca ing driya,
   tan pati duwe kuwatir,
   nadyan silih tandhinga sewu sayuta.

2. Wong kabeh suka palastra,
   yen ibunira njenengi,
   tan susah tandhing sumengka,
   tan susah karoban tandhing,
   pratikel prang ngenteni,
   patitis mawas pakewuh,
   limpad tyas mandraguna,
   yen sepi wong tanpa budi,
   timbalana pamanira Parangteja.

3. Pan ingsun arsa rembugan,
   kang putra sigra ngaturi,
   mring kang paman manjing pura,
   praptaning pakuwon wuri,
   ngandika Raja Putri,
   Marpinjun sarya rawat luh,
   yayi mas Parangteja,
   paranta karsanireki,
   apa nora sira ngaturi uninga.

4. Iya mring mbakyunira,
yayi Dewi Parangakik,
kaselute solahira,
ngong yayi datanpa galih,
Arya Maktal wotsari,
ajrih kawula pukúlun,
lamun anglangkungana,
ing raka paduka Amir,
pan ing lampah punika sampun jinarag.

5. Tan angangge garwa putra,
kang sampun liyan nagari,
mung kang munggil sapraja,
pinasthi lampah puniki,
cabar tiwasing jurit,
nemah kewala pukulun,
apan mboten sapisan,
amanggih kadi puniki,
dereng miris ratu mas ing tyas kawula,

6. Maksih awrat duk prang Bahman,
lan awrat kala prang Jobin,
kinepung wolulas warsa,
tikel satus mengsah neki,
pan ing mangke ngerobi,
lan mengsah tikel sapuluh,
lan wadya para nata,
asugih punggawa mantri,
pened-pened akathah ratu prakosa.

7. Sami sugih balaraja,
tur kathah prawireng jurit,
yen ndadak atur uninga,
inggih dhateng Parangakik,
pasthi kadya angerig,
anyuruhi tegesipun,
kirang santoseng suksma,
yen mirsa anagri katri,

Parangakik Karsinah miwah ing Kelan.

8. Pasthi lamun sami prapta,
balane kadi jaladri,
mengsah punika tan kathah,
kepati-pati den robi,
yen tinimbang ing tandhing,
mengsah punika pukulun,
sami lan kewuskendar,
Yujana lan Kaelani,
datan kaot tinimbang agunging bala.

9. Dene sektine punika,
saged sulap ing ngajurit,
sato peksi kaparentah,
pandamele rare cilik,
sageda mbedhah langit,
miris punapa pukulun,
apan dhewek punika,
nindaki sarta agami,
ameruhken wong sasar pinrih elinga.

10. Dene kedah manggih tiwas,
ngupados punapa malih,
liyane pejah utama,
nindaki paken Hyang Widhi,
angling sarwi luh mijil,
sira sang Retna Marpinjun,
yayi mas Parangteja,
bener sawuwusireki,
ing tyasingsun liwat saking melang-melang.

11. Lamun nora tinungguwa,
yayi Dewi Parangakik,
aja kudu nggawa bala,
amunga badan pribadi,
lila prapta ing pati,
yen ana tiwasing laku,

nanging ya sih anaa,
yayi Dewi Parangakik,
ngilangaken mamaras kuwatiring tyas.

12. Karya tuwajuh ing pejah,
yayi Dewi Parangakik,
gumujeng sarwi wotsekar,
Wong Agung Parangtejeki,
yektos saged patitis,
rayi paduka pukulun,
singa pinikir kena,
miwah ing kandeling galih,
marmanipun wadya Rab geng alit samya.

13. Nadyan sikep tyase mindhak,
surane nimbangi mantri,
mantri indhake kang manah,
nimbangi tyasing bupati,
dene kang para dipati,
surane nimbangi ratu,
wadya Arab sadaya,
yen wonten rayi sang Dewi,
tempuhing reh tan purun neng ngalam donya.

14. Tan wonten garantes pejah,
nanging ta samangke inggih,
yen paduka darbe karsa,
nimbali rayi sang Dewi,
manawi tan marengi,
raka paduka Pukulun,
ing watawis kawula,
rayi tuwan Parangakik,
kados lamun supena yen wonten karya.

15. Saking karem prajuritan,
putri adi Parangakik,
punapa malih punika,
sirnane raka sang Amir,

sayekti lamun kepi,
wulange bituwahipun,
mila tuwan sabarna,
Marpinjun rereh tyasneki,
Raden Maktal wus mijil apaparentah.

16. Angelar kang pasanggrahan,
rinakit nggen Rustamaji,
kutha Kokojor punika,
lalaren lan baluwarti,
pangabar kandha warih,
pajupat sinungan panggung,
kuneng kang nambut karya,
sang Prabu Mutadarawi,
wus miarsa sirnane sang Kakungingrat.

17. Tan panggih graitanira,
animbali patih Jedhi,
prapta ing ngarsa ngandika,
sanga Prabu Samasrawi,
paranta iki patih,
wong Menak sirna ing dalu,
apa sababe iya,
tur sembah kya patih Jedhi,
nuwun duka tan kadugi graitaa.

18. Sang Prabu ing Purwakandha,
mijil pasamuan aglis,
ingkang rama ingaturan,
Sri Bathara ing Medayin,
lawan sagung prajurit,
ngiras bujana anginum,
matur marang kang rama,
sira Prabu Samasrawi,
kadya paran musnane putra paduka.

19. Inggih pun Surayengjagat,
mila kesah tilar baris,

Nauri Prabu Nusirwan,
anak Prabu awak mami,
graita lan kadugi,
punika ing ngadatipun,
pun Bestak ingkang wikan,
pratingkah ing nguni-uni,
angandika sang Prabu ing Purwakandha.

20. Luwarana patih Bestak,
myang pra dipati Medayin,
nanging padha pacuhana,
kabeh asalina pikir,
yen nganggo pikir lami,
yekti yen bilai iku,
kabeh ingsun siyasat,
para ratu ing Medayin,
patih Bestak lan ratu wus linuwaran.

21. Ginotongan ingedusan,
sinungan mangan sakedhik,
pra samya bisa nggulawat,
sarta nginuman barduwin,
tinandhu prapteng ngarsi,
ki patih kuru narwelu,
dinangu sinung wikan,
musnane sang Jayeng Murti,
pan angulung ature kya patih Bestak.

22. Aseret tur megap-megap,
punika Sri Narapati,
adatipun yen wong Menak,
yen boten cinolong putri,
kesah kawraten tandhing,
pangupaya praptanipun,
yekti tuk kaluwihan,
kaprawiraning ngajurit,
milanipun den ngatos-atos paduka.

23. Manawi dhateng kang putra,
ing Ngajerak Nata Dewi,
ratuning jin kinawasa,
miwah yen angsala malih,
rabi putri dhedhemit,
kang ngluwihi sektinipun,
makaten ingkang adat,
wewateke Jayeng Murti,
anggur inggih sami wontena kewala.

24. Sang Prabu Matari Akbar,
parentahing patih Jedhi,
yen mengkono aja medal,
ing aprang yen tan metoni,
iya si Rustamaji,
yen metu prang ingsun metu,
dimene padha eca,
ngayemken sarira sami,
ya ta kuneng Sri Bupati Purwakandha.

25. Wau ingkang kawuwusa,
atmajeng Raja Taruni,
kakang adhi palajengan,
wayahe Dyan putra kalih,
kang sepuh Atasaji,
Kaolaranu rinipun,
kakang nging palajengan,
sangang warsi pitung warsi,
duk puniku raden kalih gung cangkrama.

26. Madhep ing kumala-kala,
Raden Putra Atasaji,
kang rayi Beler Kalintang,
Raden Kalaranu nenggih,
anggung sabeng wanadri,
mbekta para raja sunu,
mbebereg buron wana,

andaka sangsam jajawi,
wantu rare tanpa kuda antuk nyandhak.

27. Sabangetane lumajar,
kacandhak tan bisa osik,
eram kang samya tumingal,
dene Raden Atasaji,
ruruh jatmika lungid,
kang cahya mindha sitangsu,
alus pambekanira,
tuhu trah nabi Ibrahim,
sasolahe geng alit resep ing driya.

28. Marang samaning tumitah,
mangkana ibunireki,
Raden kang taruna gerah,
Dewi Badakum anenggih,
Marikangen nameki,
basane Arab Badakum,
Malayu Abiscinta,
Maringkangen basa Jawi,
gerah lumpuh angaleset nora bisa.

29. Akarya gora sengsara,
marune ki Kadamingsih,
pan katon mukuli gada,
mring sukune saben wengi,
agung anjrit anangis,
katur ing raka sang Prabu,
saben dina mangkana,
sasambate mring raka ji,
den singgahna aja awor pasanggrahan.

30. Ginugu ing aturira,
marang Prabu Rustamaji,
garwa kang sepuh saksana,
siningkirken mring wanadri,
tebih njawining baris,

sinungan wong tigangatus,
rumeksa pakuwonya,
aneng tengahing wanadri,
myang putrane Atasaji kinen nggawa.

31. Ana lalakon ruara,
panjilmane satru sekti,
ananjak karti sampeka,
pangendrajala nengahi,
tan ana kang pinikir,
wadya sabarisan agung,
amung welas sadaya,
mring ibune Atasaji,
Retna Dewi Marpinjun agung karuna.

32. Tan kena yen umatura,
mring kang putra Rustamaji,
tuwin sagung para nata,
ing karsa dereng kadugi,
darbe karsa pribadi,
nambuh ingkang sepuh-sepuh,
pun paman Parangteja,
pangrasane Sri Bupati,
gunem laki rabi pan dudu nagara.

33. Manguneng driya kang mulat,
Raden Putra Atasaji,
kang aneng tengahing wana,
mangkana Raden Taruni,
anggung sabeng wanadri,
sira Raden Kalaranu,
lan para raja putra,
saben enjing den langkungi,
panggenane kang raka tengahing wana.

34. Para putra sami nyimpang,
celak nggene Atasaji,
arsa tedhak saking kuda,
sru duka Raden Taruni,
kinen maksih anitih,
kang mopo ajrih ginebug,
lajeng kesah angilang,
tan purun umiring malih,
pan sinatru pucunge ingkang gumantya.

XIII. KETITIK YEN TURUN DITYA

Pucung:

1. Aru biru tingkahe Kaolaranu,
   lamun para putra,
   tan purun binekta malih,
   nora wurung pinaksa yen prapteng wana.

2. Pan pinukul kinendhalenan puniku,
   cinara turangga,
   den titihi den cemethi,
   sami kaget miarsa tingkah mangkana.

3. Ingkang sampun cinacak kena ing ukum,
   Raden Umarjaman,
   lan sira Raden Pirngadi,
   lajeng mutung mring Kalaranu tan arsa.

4. Nora etung dadi ala kudu mutung,
   malah dalu seba,
   marang Raden Atasaji,
   lan kang ibu kang kinebon aneng wana.

5. Mbekta kurung barise prapta ing dalu,
   raja putra Selan,
   lawan putra ing Kohkarib,
   nedya mapan pra putra kathah miarsa.

6. Putra ing Rum lawan Kodrat Samadikun,
   wus kait kalawan,
   putra Serandil Kohkarib.
   kang wus wani ngarani dudu trah Ngarab.

7. Cala-culu angangge tingkah kang dudu,

sayekti meh sirna,
bawane jer nedya salin,
nyempal nyengkleng saking darah keluruhan.

8. Kathah ngumpul sagung para raja sunu,
kathah tresna welas,
marang Raden Atasaji,
bagus alus tyas nuksmeng kasturi ngambar.

9. Wus angumpul sanga para raja sunu,
angedheng angadhang,
langkunge marang wanadri,
pinasangan binegal aneng ing marga.

10. Laminipun Rahaden Kaolaranu,
ingkang ibu gerah,
kendel denira cangkrami,
ingkang ibu ing mangke sampun waluya.

11. Marunipun wus kinebon neng wana gung,
warase sang Retna,
Marikangen mantun sakit,
nora nganggo tatamba mangke jumranthal.

12. Karsa wau cangkrama sang raja sunu,
pan sampun miarsa,
yen Umarjaman Pirngadi,
nekad nampik tan arsa mring raja putra.

13. Mring kang sepuh dununge sami sihipun,
ingkang palamarta,
para putraning narpati,
welas dening kirang adile kang rama.

14. Ya ta sampun parentah ing balanipun,
lan sutaning emban,
sang raja putra ing Bangid,
Warindiya anak raja Darundiya.

15. Kala timur kinadang arancang-runcung,
wantu suteng emban,
embanira Rustamaji,
raja Darundiya ing Bangid prawira.

16. Budhal esuk sira Raden Kalaranu,
mawi bala kathah,
Dyan Warindiya umiring,
mbekta bala rongewu rare sadaya.

17. Sarta duduk neng nginggil turanggenipun,
wau para putra,
kang sampun eneng wanadri,
amiranti tan pati kyeh mawi bala.

18. Dupi langkung Rahaden Kaolaranu,
prapteng dhukuhira,
Raden Putra Atasaji,
paparentah aja mudhun saking kuda.

19. Celak dhukuh Maripit tan ana mudhun,
sigra cinangaran,
pira-pira den candhaki,
mring balane putra kang baris pendheman.

20. Sampun katur mring Raden Kaolaranu,
yen wadya rinampas,
mring balane Atasaji,
langkung duka anander mring ngarsanira.

21. Gya pinethuk dening Kodrat Samadikun,
payo dajalanat,
cinandhak kudanireki,
suku ngarsa rinangkus sigra binuwang.

22. Wangsul-wangsul nyanane baris tinimbul,
mangsa ta puruna,
marang ing gustinireki,
nora weruh wong cilik yen wis pendheman.

23. Kobrak-kabruk tibane Kaolaranu,
nanging tan rinasa,
wantu betah rare alit,
kambon trahing raseksa tan mundur ing prang.

XIV. RADEN PUTRA WADUL DHATENG INGKANG IBU

Durma:

1. Sira Raden Warindiya tan miarsa,
   yen para putra kait,
   marang kasepuhan,
   akarsa murweng aprang,
   Raden putra Atasaji,
   kinalulutan,
   mring·para raja siwi.

2. Marang ngarsa Warindiya sru ngandika,
   heh heh putra Ngabesi,
   pakartining apa,
   kang kaya tingkahira,
   nora luput den tingali,
   panggawenira,
   pan luwih saking nisthip.

3. Ya sapisan-pisan sira durung karya,
   panggawe kang kadyeki,
   iki kang atuwa,
   iya si Warindiya,
   yen sidaa ing ngajurit,
   angajak sira,
   toh titih jayeng jurit.

4. Raden Kodrat Samadikun asru mojar,
   heh putra rajeng Bangid,
   ngubungi ta sira,
   ing reh kang siya-siya,
   apa dàrah Puserbumi,
   lamun titaha,
   kaya tingkahing eblis.

5. Iya sapa iki ingkang duwe wayah,
Rahaden Atasaji,
yeku lurahira,
si Kalaranu arsa,
agawe sureming bumi,
kaya tan sida,
yen ingsun durung mati.

6. Ya si Kodrat Samadikun petenana,
lawan putra Kohkarib,
miwah putra Selan,
ginawe cacah cucah,
akarya buwana balik,
anggege lara,
anggenjah ngemping pati.

7. Duk miyarsa kumenyut tyas Warindiya,
pan durung amiyarsi,
kancane pra putra,
baris pendheman kathah,
angling raja putra Bangid,
iya sanadyan,
mangkonoa jer mami.

8. Payo aprang dhingin yen uwis agampang,
milu ing sira iki,
tingkah kang waluya,
patut ingilonana,
iya nanging ing saiki,
sun sasabana,
tabeting trah prajurit.

9. Mengko ingsun yen wus picondhong ing aprang,
ya ta wau kang prapti,
raja putra Selan,
Pirngadi munggeng kuda,
saka praboning ngajurit,
matur tur sembah,
raja putra ing Bangid.

10. Mila kakang paduka adarbe karsa,
mboten utusan njawil,
dhateng ing kawula,
tingkah puniki gawat,
nauri Raden Pirngadi,
sira apranga,
leres bae saiki.

11. Lan si Kodrat Samadikun ingsun iya,
aprang lawan si belis,
sira sengadiya,
lumayu kasor ing prang,
Pirngadi sigra mrepeki,
mring Raden Putra,
Samadikun marani.

12. Warindiya sigra sami aprang watang,
rame denira nguthik,
Pirngadi umangsah,
Kalaranu cinandhak,
sinendhal sampun tinarik,
den ikal-ikal,
lah sandhangen tyas mami,

13. Apa nora nagrungu pitutur sira,
lamun rajeng Serandil,
jangji bareng pejah,
iya lan eyangira,
Wong Agung Surayengbumi,
wus kalampahan,
buwang putranireki.

14. Pinilaur jeng rama kadange angkat,
ngluwihi kadangneki,
nunggal ing reh kadya,
saibu lawan yayah,
nguni Raden Maryunani,

bebas pinatyan,
meh den jur lawan siti.

15. Pan wurunge tinangisan mring jeng rama,
wurunge angemasi,
Maryunani kuna,
umure gegantungan,
luwih karsane bapa ji,
tur putra tuwa,
Raden Ngumaryunani.

16. Dyan binanting gumreget suruh rahadyan,
sumyur binanting siti,
pan dadya raseksa,
eram kang samya mulat,
Pirngadi prayitneng westhi,
mingkis rasukan,
tedhak saking turanggi.

17. Menthang langkap tajem wus angarah-arah,
nubruk punang raseksi,
bedhol gora rupa,
ingundha munggeng asta,
mangsah galak angajrihi,
Dyan putra Selan,
lumepas kang jemparing.

18. Pan cumundhuk neng bathuk reksasa niba,
njungkir aneng ing siti,
akon mindhonana,
Pirngadi muwus sugal,
nora kudu amindhoni,
sapisan pejah,
panahingsun yen manjing.

19. Duk miarsa niba-niba punang ditya,
lajeng sirna anuli,
mulih paripurna,

arupa Raden Putra,
lumayu lan putra Bangid,
sapraptanira,
pasanggrahan sru nangis.

20. Adhuh Ibu pan kula aprang kaplajar,
pun kakang Atasaji,
kang wonten ing wana,
wus kathah kumpul bala,
umadeg apacak baris,
arsa anglawan,
amrangi jeng rama ji.

21. Kathah para putra nata kumpul wana,
kawula prang binanting,
dhateng putra Selan,
Pirngadi wus anemah,
kang ibu sigra tur peksi,
mring raka nata,
ing wayah bakda mahrib.

22. Dhuh Pukulun putra paduka cangkrama,
bebereg mring wanadri,
tan amawi bala,
antuke dipun begal,
neng marga pun Atasaji,
balane kathah,
kang para raja siwi.

23. Duk miarsa anjetung Prabu Taruna,
kang paman den aturi,
prapta sru ngandika,
paman kadi punapa,
wayah tuwan Atasaji,
akarya beka,
umadeg pacak baris.

24. Kadipundi punika karsa Paduka,
Raden Maktal turnya ris,
amba nggih miarsa,
pratingkahe punika,
wit saking Raden Taruni,
kang siya-siya,
nilar trap Puserbumi.

25. Pun Pirngadi kalawan pun Umarjaman,
sami den kendhaleni,
dadya mogok mampang,
lumuh mring Raden Mudha,
mung kang tuwa den luluti,
pan sami tresna,
ing Raden Atasaji.

26. Samya kuwur-kuwur para raja putra,
kekes tan purun ngabdi,
dhateng Raden Mudha,
tan purun asuwita,
mung kang tuwa den luluti,
pan sami tresna,
wus nunggal satu budi.

27. Ing watawis kawula wiwitan bocah,
saking Raden Taruni,
karana ki putra,
puniki dede tingkah,
Marpinjun prapta anangis,
heh yayi emas,
paran tingkahireki.

28. Bingung temen ingsun iki yayi emas,
Arya Maktal wotsari,
nggih sadasa-dasa,
wonten reh rurusuhan,
kula puniki mung inggih,

mikir kang musna,
tan kober malih-malih.

29. Yen mikira inggih panggawening bocah,
kapirare sayekti;
mendah loking mengsah,
wong Ngarab lali purwa,
kena ing beka sathithik,
atine growah,
tan ana wonge becik.

30. Duk miarsa Marpinjun anjrit karuna,
sapa kang mikir yayi,
nora wurung bubrah,
yayi yen sira selak,
Raden Maktal matur aris,
ing reh punika,
mung putranta sang Aji.

31. Kang manjangken anyendhak sagung pratingkah,
sang Prabu Rustamaji,
miarsa lingira,
kang paman Parangteja,
bebah wimbuh tanpa mili,
bebek tyasira,
buntu reh tan lumaris.

32. Nora nganggo bolong saleng dom kewala,
kang paman rengu mijil,
praptanireng njaba,
anjawil rajeng Selan,
miwah sang Prabu Marmadi,
ambantonana,
ing Raden Atasaji.

33. Duk jinawil ratu kalih dalu prapta,
Lamdahur Umarmadi,
mring pakuwonira,

Wong Agung Parangteja,
sukur kakang sami prapti,
liwat agawat,
panggawa tanpa manis.

XV. RADEN KALARANU MEPAK WADYA

Dhandhanggula:

1. Ratunira bingung tanpa budi,
Rustamaji cubluk ing pratingkah,
pijer dheleg-dheleg bae,
dening trah ratu agung,
Rustamaji aniniwasi,
anake wus karuwan,
anak karam iku,
pratingkahing dajalanat,
teka akon mikir mring si Atasaji,
wong becik den sikara.

2. Apa dosane si Atasaji,
sadurunge katrapan siasat,
kinebon ngalas ibune,
yeku bener rinembug,
aja nuli prentah nekani,
agawe siya-siya,
apan durung tamtu,
Kadamingsih bisa gelah,
dening anaking pandhita Satubudi,
adoh laku culika.

3. Dhingin iku pantes dadi pikir,
atariya mring kang tuwa-tuwa,
iki budi kang wus kasep,
ngajak muwuhi iku,
ing alane si Atasaji,
pasthi mangsa kenaa,
amungsuh Hyang Agung,
uwite pan wus katara,

ing samengko kudu netepaken ugi,
siyasat siya-siya.

4. Nora katon maune kinardi,
Atasaji aja den buwanga,
mangsa dadiya mangkene,
lupute kang kadulu,
nora katon kang gawe uwit,
milihe para raja,
kang pantes babantu,
kang prakosa ing ngayuda,
si Suratustaham sang rajeng Surati,
Minangkabo lan Presman.

5. Dene kakang Prabu ing Kohkarib,
raja Jasma lawan raja Karma,
Baritma Maliritmane,
si Biksun Baru Biksun,
Sidikmadris lan Sihikmadris,
Ardikapi kalawan Ardisamad iku,
sawengi mengko mangkata,
rajeng Kebar rajeng Kangkan sinalenthik,
sawengi sareng budhal.

6. Lan arine sang rajeng Yunani,
Raden Sukradis bala saleksa,
pipilihan prajurite,
sagunging para ratu,
kang putrane neng Atasaji,
mangkana tan winarna,
bantu budhal dalu,
wus andadi barisira,
bala kathah ambyuk Raden Atasaji,
sagunging raja putra.

7. Wau putra wuragil Medayin,
kang saibu Marpinjun Muninggar,
Raden Semakun praptane,

rong leksa balanipun,
welas mirsa wayahireki,
Atasaji dadya prang,
praptane sru muwus,
nutur yen tilar kang rama,
angugemi mring raka Surayengbumi,
anut agama mulya.

8. Wus angumpul Raden Atasaji,
tuwin praptane bantu ing Selan,
Kohkarib sareng praptane,
miwah sira sang Prabu,
Kebar Kangkan wus samya prapti,
mugareni ing tingkah,
Kodrat Samadikun,
bantune kang rama prapta,
patang kethi prajurit andel Ngabesi,
sakawan para nata.

9. Kuneng dalu kawuwusa enjing,
Raden Putra siyaga ngayuda,
mung lan sabalane dhewe,
wadya kaputranipun,
winatara wonten sakethi,
dhasar wantering driya,
Raden Kalaranu,
kang ibu ngampah tan kena,
awekasan anut karsane putreki,
siyaga ing ngayuda.

10. Kauningan ing raka narpati,
Prabu Rustamaji angandika,
sira iki apa gawe,
arsa nusul sutamu,
mundhak ndadekaken prakawis,
sira aja katingal,
sun dhewe kang nusul,
iya ndadak ngarah apa,

wong padudon padha kadange pribadi,
budhal Prabu Taruna.

11. Ingkang paman sampun den aturi,
prapta Wong Agung ing Parangteja,
Lamdahur sareng praptane,
lan Umarmadi Prabu,
miwah rajeng Rum Burudangin,
Tamtanus Kewusnendar,
Arya Maktal muwus,
kakang Kohkarib lan Selan,
angakua cubluk ing sadina iki,
aja duwe pratingkah.

12. Yen sun tari aja anyudhoni,
teka dhenggleng padha anjetunga,
sun nora memekas maneh,
sigra budhal Wong Agung,
panggih marga lan Rustamaji,
amung lan upacara,
sagung para ratu,
rajeng Burudangin mojar,
bisik-bisik heh ta kakang Sarkabtarki,
sira pa wus kaduga.

13. Ing karsane kakang Ngalabani,
nora pinunggel ingkang pratingkah,
apa den amrih dawane,
iya kaliwat saru,
yen dawa apratingkah iki,
mau kakang Marmadya,
lan kakang Lamdahur,
pan kabeh kinen cubluka,
raja Sarkab mesem denira nauri,
itu trak bole bilang.

14. Wong Agung Parangteja undhagi,
putus ing reh samar kauningan,

yen gawe ana jebule,
ing wawadi wus muluk,
yen pineta samining jalmi,
tangeh yen kagayuha,
amemet anglangut,
rahayu pinrih wekasan,
nora bakal ginusti-gusti para ji,
sasat sang Kakungingrat.

15. Kendel mesem nateng Burudangin,
sarwi nyawang ing pamulunira,
wong Parangteja ulese,
alus daginganipun,
ulat manis ayem alungit,
sedhep ing pasang cipta,
Wong Agung asemu,
pantes yen dadya dandanan,
wirasate wong iki angrespateni,
amot mengku ing kathah.

16. Mendah duk anom Wong Agung iki,
raja Sarkab mesem saurira,
kondhang ing jagat wiryane,
siduweng mega biru,
katon ana dhasaring bumi,
kedhung kena jinajag,
dhadhasar rahayu,
sembada prawireng yuda,
pamanahe arga sapta lolos sami,
myang wasising pamedhang.

17. Padha lawan sang Surayengbumi,
mulane tan linilan metu prang,
saking abot sasanggane,
pae lawan Wong Agung,
ing ngayuda bisa ngasori,
metara ing duduga,

bot enthenging mungsuh,
yen Wong Agung Parangteja,
ingayuda singa tandhing tumpes tapis,
ngungun Tasangsulngalam.

18. Jawil jinawil saurut margi,
rajeng Burudangin lawan Sarkab,
mangkana wau lampahe,
Raden Kaolaranu,
basa Arab kaolamahi,
tegese ingkang nama,
ya pangucap banyu,
dening putuning pandhita,
kasamaran bekane wong Puserbumi,
keneng sandi upaya.

19. Prapta nggene aprang duk inguni,
raja putra barise wus mapag,
dhasar lanas wanter tyase,
wantu trahing dityeku,
mengsah yutan katon cicindhil,
dudu jalma manungsa,
kadya dulu semut,
barise kang aneng wana,
wus miranti praptane Seh Kadamdini,
saking jleg tanpa sangkan.

20. Raden Putra ngabekti mring kaki,
gantya sagung para raja putra,
pra samya nguswa padane,
Sang Resi Mendhang Pupus,
ngraga sukma alon denyangling,
dhuh kang para bendara,
sagung raja sunu,
mila temah sapunika,
angladosi bekaning putreng narpati,
tur ratu wong utawa,

21. Yogya ingkang karya pati urip,
sampun selak tuduhe wong tuwa,
duraka ing pinanggihe,
matur pra raja sunu,
inggih kaki kalamun murni,
karsanta kawoworan,
mopo adosa gung,
dening wit saking pratingkah,
dajalanat arubiru den ubungi,
dosa linakonana.

22. Dene dhewek puniki udani,
melok-melok atur gagawean,
wong tuhu ginawe-gawe,
ibune Kalaranu,
nggih punika kang karya uwit,
ratune tan pariksa,
nggugu wong agemblung,
kathah para raja prapta,
amanggihi marang ing Seh Kadamdini,
pra samya njawat asta.

23. Rajeng Kebar aris anambungi,
panuwune sang raja pandhita,
denya sanget panyegahe,
Yusup Ali turipun,
kula bapa wonten kang nuding,
inggih darmi lumampah,
karsane Wong Agung,
bapa andika graita,
yata dheleg sang pandhita Kadamdini,
angger yen makatena.

24. Ing karsane Wong Agung undhagi,
